**O`zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi**

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik**

**pedagogikalıq institutı**

**«Baslawısh ta`lim» kafedrası**

«Baslawısh talim ha`m sport ta`rbiyalıq is» ta`lim bag`darının` 4-basqısh talabası

**Bavbekova İlmira Kungradbaevnanın`**

# PİTKERİW QA'NİGELİK JUMISI

## Tema: «Xalıq pedagogikasında aqıl ta`rbiyası ha`m onı baslawısh klasslarda qollanıw jolları»

**MAK da jaqlawg`a ruxsat berilsin:**

**Fakul`tet dekanı:** **doc. U.Seytjanova**

**Kafedra baslıg`ı:** **prof. M.K.Ayımbetov**

**İlimiy basshı:** **B.Xojanov**

**İlimiy ma`sla`ha`tshi:** **dots. M.Kasımov**

**No`kis- 2016 j.**

**Jobası.**

Kirisiw……………………………………………………………………………3
**I. BAP. Aqıl ta`rbiyasının` payda bolıwı ha`m onın` xalıq ta`rbiyasında qollanılg`anlıg`ı.........................................................................................6**
1.1.Aqıl ta`rbiyası.........................................................................................6
1.2.Aqıl ta`rbiyasının` rawajlanıwında ta`biyattın` roli.............................26
1.3. Shıg`ıs alımlarının` aqıl ta`rbiyası haqqındag`ı pikirleri....................................................................................................29
**II. BAP. Aqıl ta`rbiyasında xalıq awızeki detpelerinen paydalanıw jolları.......................................................................................................32**
2.1**.** Aqıl ta`rbiyasında naqıl-maqallardan paydalanıw.................................32
2.2. Aqıl ta`rbiyasında jumbaqlardan paydalanıw............................. ..........38
Juwmaqlaw………………………………………………………………........50
Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi. ..............................................................52

## Kirisiw.

Aqıl adamnın` o`z oy-o`risi, qa`lbi ha`m pikiri tiykarında du`n`yalıq, haqıyqatlardı an`law ha`m olarg`a o`z xızmetinde ma`na`wiy insanıy ko`z qarasınan a`mel qılıw bolıp esaplanadı.

Frantsuz alımı A. Lerya-Gurannın` pikiri de sonnı tastıyıqlaydı: «Xalıq o`zinin` eskilik sarqıtları sharapatı menen g`ana tiri»

Prezidentimiz İ. A. Karimov «Fidokar-gazetası jurnalistlerinin` sorawlarına «Dana xalqımızdın` bekkem ku`shine isenemen» Temasındag`ı juwaplarında: «Biz tiklegen jan`a ja`miyet joqarı ruwxıy ha`m aqılıy qa`diryatlarg`a tayanadı ha`m olardı rawajlandırıwg`a u`lken itibar qaratıladı. Bul protsess milliy g`a`rezsizlik ideyası ha`m mentalitetine, o`sip kiyatırg`an jas a`wladtı watandı su`yiwshilik ruwxında ta`rbiyalawg`a tiykarlanadı» degen edi (iyun`, 2000-jıl).

Ja`ha`n insan, oy-aqıl, ruwxıylıq bulardın` ha`mmesi o`z-ara bir-biri menen tıg`ız baylanıslı. Du`n`ya payda bolg`annan insan jarıq du`n`yanı ko`rgennen ol o`zin, barlıqtın` en` jetilisken barlıg`ı sıpatında oyı-aqılı menen tanıp keledi. İnsan du`n`yag`a ma`lim bir maqset penen qılmaydı. Ol o`zin tanıg`annan keyin g`ana o`mirden o`zine jan`a ma`kan izleydi, babalarımızdın` qaldırg`an ma`nili islerin esitip, sorap bilip aladı, zamanlasoarının` miyneti, oy-o`risin islep, u`yrenedi, onı tuwrıdan-tuwrı ko`shirmey, eleklemey jol-joba izleydi. Bir insanlar, du`n`yag`a ,awqat jew ushın keledi, onday insanlar du`n`yag`a keledi ketedi, onın` qa`drine jetpeytug`ın insanlar bar, o`zinin` keliwi menen ma`ngi iz qaldırıp ketedi.

Ullı babamız Sulayman Baqurgoniy:

O`tkinshi du`n`ya o`ter,

O`tkinshi qus sayasında,

Erte hasıl qılar deydi.

Ha`zireti Nawayı: «İnsanlar bar, insanlardın` nag`ısı, insanlar bar, onnan haywan jaqsı» deydi. Ata-babalarımız bılay degen: «Sen tuwılg`anda du`n`yag`a jalan`ash jılap tu`sesen`, sen o`lgende sag`an qıynalıp jılap, ol sen islegen isin`nen qanaatlanıp jılap ketetug`ın bul» dep aytqan.

Demek, adamlar o`z o`miri ha`m xızmetin mazmunlı o`tkiziw ushın da`slep o`zin qorshap turg`an ortalıqtı biliwi, teren` aqıl menen- a`depsizlikten, bilimlini-nadannan ajratıw menen joqarı teren` aqıl ha`m ta`jiriybe iyesi bolıwı mu`mkin, sebebi insan aqılı ha`m onın` o`mirinde kerekli orın ju`ritiw, oy-o`risi g`ana insan danalıq, pikir, rasgo`ylik, tuwrılıq, uzaqtı ko`re alıw, na`psinin` qurbanı bolmaslıq sıyaqlı qa`siyetlerdi a`melge asırıw mu`mkin.

Aqıldı rawajlandırıwda tariyxtın` ullı oyshılları o`zlerinin` dana pikirlerin ortag`a taslaydı.

Abu Nasır Farobiydin` jazıwına qarag`anda: «Aqıllı dep sonday kisini aytamız, onda o`tkir zeyin, aqıl-oyı kisi o`zinin` pu`tin qa`bileti ha`m oy-pikirin jaqsı islerdi a`melge asırıwg`a, jaman islerden o`zin saqlawg`a ha`m tıyıwg`a qaratılan bolıwı za`ru`r. Sonday adamlar g`ana aqıllı ha`m tolıq pikir ju`ritiwshi dep ataw mu`mkin».

Perzentlerdin` aqıllı bolıwında, shan`araq, mektep ha`m ken` ja`miyetshilik ta`siri ku`shli. Aqıllı balalar qay jerde bolmasın barqulla puxtalıq penen bilim ha`m ta`rbiyalı ekenligin ko`rsetedi. Olardı ko`rgen adamalar aqılına qayıl qalıp u`lken minnetdarshılıq bildiredi. Lekin sonnı da aytıp o`tiw kerek, aqıl, oy-o`risi jag`ınan jetik bolmag`an insan hesh qashan Watandı, o`z xalqın, o`zligin an`lay almaydı, o`zligin an`lamag`an insan bolsa ma`n`gu`rge aylanıp qaladı. Ruwxıy jaqtan jetik , a`dep-ikramlı fazıyletlerge iye bolmag`an kisilerde pa`ndi u`yreniwde aqılıy miynet etip ka`sip-o`ner iyelewge, bilim asırıwı da sha`rt emes, sonın` ushın ja`miyet rawajlanıwının` ha`mme basqıshlarında da`slep jaslardı ta`rbiyalap, keyin olarg`a ta`lim bergen.

Aqıl-za`kawat, za`ru`rlik ha`m obektiv za`ru`ryattı an`lı tu`siniw menen bolg`an ma`na`wyat bolıp esaplanadı.

Ha`r bir insan keleshek a`wlad ushın ja`miyet ushın paydalı is qaldırıwı kerek. İnsannın` o`mirindegi ornı da, du`n`yag`a kelip ketiwdegi maqseti de onın` jaratqan ilimi, hadal perzentine miyras qaldırg`an Quranı, qurg`an Meshiti, miymanxanası, qurg`an ko`piri, alıp kelgen suwı, qılg`an sadaqası, qaldırg`an bag`ı, adamlarg`a qılg`an jaqsılıg`ı, ja`miyet rawajlanıwına qosqan u`lesi, bala ta`rbiyası, bilim o`ner u`yretiwi menen belgilenedi.

Turmısta, miynette hadallıq, ıqshamlıq, jaqtılı turmıstın`, hu`jdan tazalıg`ının`, iyman pu`tinliginin` belgisi.

Xalıq pedagogikasında milletler aralıq birlesiwinin` qu`dretli ku`shleri ja`mlengen. Ha`r qanday xalıq penen tanısıwdın` en` isenimli quralı- bull sol xalıq ta`rbiyası diziminen, oy-o`risi iseneminen minnetdarshılıg`ı bolıp tabıladı. Ta`rbiya, oy-o`risin o`zinde toplaw, ma`deniyattı, da`stu`rlerdi u`yreniw, o`zlestiriw, aqılg`a su`yeniw ha`m qollaw ushın ku`ndelikli xabardı, sonday-aq a`debiy, ren`li-ko`rsetiw, muzıkanı etnopedagogikalıq analiz etiw u`lken a`hmiyetke iye.

## I. BAP. Aqıl ta`rbiyasının` payda bolıwı ha`m onın` xalıq ta`rbiyasında qollanılg`anlıg`ı.

### 1.1.Aqıl ta`rbiyası.

Ku`sh bilimde ha`m aqılda.

İ.A. Karimov.

Aqıl ta`rbiyası xalıq pedagogikası menen ilimiy pedagogikalıq en` jetekshi tu`rlerinen biri bolıp, xalıqtın` ruwxıy ma`deniyatı menen siyasiy an`ının` rawajlanıw da`rejesin an`latadı. Ol xalıqtın`, ja`miyettin`, millettin` ruwxıy rawajlanıwı menen qa`liplesiwinin` tiykarg`ı o`lshew tası esaplanadı. Adamzattın` ta`biyattan, ta`jiriybesinen alg`an aqılıy baylıqları, sezgiler, ruwxıy sha`rayatları, parasatı ha`m isshen`lik erkinligin rawajlandırıw na`tiyjesinde g`a`rezsiz pikirlep, aldına maqset qoya biliwi ha`m go`zlegen niyetlerine erisiwi jolında qa`biletin qa`liplestiriwden ibarat.

Akademik J. Bazarbaevtın` aytqanınday «Adamlardın` haywanlardan parqı onın` aqıl-parasatında. Sebebi aqıl ha`m baxıt g`a`ziynesinin` saxawat esiginin` gilti bolıp esaplanadı. Du`n`yadag`ı en` jaqsı  na`rselerge iye bolıw aqıl ha`m pa`m-parasatqa tiyisli. Ha`r bir adam aqıl pikirge iye bolıp, o`ner u`yreniwge umtılsa, ol o`z tilegine erisedi!. Ha`r bir istin` o`z sebebi boladı ha`r sebeptin` o`z sebepshisi ha`m ha`r bir sebepshinin` ma`kanı ha`m waqtı bar, onı biliw o`mirdi uzayttıradı  ma`mleketti uslaydı».

Adamzattın` iyelegen ha`mme materiallıq ha`m ruwxıy sawg`aları tek aqılg`a baylanıslı ekenligin o`mir dep atalıwshı u`lken na`rsenin` o`zi ko`rsetip turıptı.  Sonın` ushın da ata-babalarımızdın` aqıl oyınan payda bolg`an ha`mme biybaha baylıqlar insan aqılına manfaatdor ekenligi haqqında danalıq so`zlerinde ko`p ta`kirarlanadı.

Tuwılıp o`siw, u`yreniw, jasaw ushın sırtqı qarsılıqlardan  saqlanıw, awqatlanıw ushın u`lken haywanlarg`a pada-pada bolıp birikken  tu`rde hu`jim etiw sıyaqlı instinkt-o`zgeshelikler haywanlarda da bar. Biraq, insanlardın` haywanlardan ajıratıp turatug`ın parqı, arqa miyi qabıg`ında jaylasqan aqıl-parasatlılıq, pikirlew, so`ylew qa`bileti, jaqsı qa`biletlerdi payda etiw, adamlardı biriktiriw, doslıqta, tatıwlıqta jasawg`a baslap barıwında ko`rinedi.

Ko`rkem o`ner-bul oraylıq  emosiya yaki arqa miy qabırshag`ının` sheshiwshi artıqshalıg`ı esaplanadı. Ko`rkem emosiya bul shın ma`nisindegi aqıllı emosiyanın` ma`nisin an`latadı.

Belgili filosof Didro bunday degen:

«Aktyordın` ko`zinen jas sorg`alap turg`anda, onın` jası ko`zinen emes miyinen sorg`alap turıptı, tap sonın` menen ol ko`rkemliktin` ju`rekten shıqqan qozıwshan`lıq qarsılıg`ının` ma`nisin ko`rsetip beredi».

Haqıyqattan da adamnın` ha`mme ha`reketi, a`sirese aqıl miynetin tek g`ana aqıldın` basqaratug`ının ta`n alg`anımızda du`n`yadag`ı insan aqıl oyına minnetdar ekenligine gu`wası bolamız.

A`yemgi ja`miyette adamlar o`zlerinin` en` a`piwayı miynet protsessinde, ash bolmawı ushın, materiallıq baylıqta jasaw, ha`mme birdey miynet etiw, miynet sawg`alarınan ten` tatıw, senniki-meniki bolmawı ushın ashko`z, na`psiqawlarg`a qarsı alıp adamlardın` a`detine aylandı.Ba`lent pa`rwaz ku`shi jetpegen jayda, saqıy ja`nnetiy, ma`rd insanlardan, ila`hiy ku`shlerden, kudaydan jalınıp ku`sh sorap, jolına sadaqalar aytıw a`detke aylang`an.

Tariyxqa shekem bolg`an da`wirlerden baslap-aq adamlar o`zlerinin` ju`da` a`piwayı ko`riw protsessinde ko`p g`ana za`ru`rliklerdi qanaatlandırıw ushın gu`res alıp baradı. Er adamlar ul balaların o`zleri menen shetke shıqqanda alıp ju`rip haywanlardı awlaw, balıq awlaw, qural-jaraq jasaw islerine u`yretip barg`an bolsa, qızlar anaları menen birge u`y islerin u`yrengen. Shan`araqtan baslang`an bul ta`rbiya xalıqtın` bala ta`rbiyasındag`ı shınjır bolıp kiyatırg`an ta`jiriybesinen u`lgi alıp kelgen.

Da`wirlerdin` rawajlanıw protsessinde adamlar jer silkiniwi, ot ba`les, suw tasqınlıg`ı, suwdın` tartılıp ketiwi, jamg`ır, qıraw, burshaq, qor basqınları, qumnın` ko`shiwleri, aydın`, ku`nnin` tutılıwına baylanıslı olardın` aldın alıw ushın qudayg`a sadaqa beriw, ju`rer otlardı, sulıw qızlardı, jigitlerdi qurbanlıq etip, qan shıg`arıw a`yemgi ja`miyettin` ken` tarqalg`an da`stu`ri boldı. Onın` suw qaytsa qurg`aqqa alıp barıp mal shalıw, kesellengen hayallardı ottan atlatıw sıyaqlı ırımlardı ha`zirge shekem saqlanıp kelmekte.

Adamlar o`zligin an`lap, du`n`ya tanıp, mal-du`n`ya jıynap, jasawı, shan`araq qurıw, insannan da`slepki aqılıy jetiskenligi esaplang`an, ottın` oylap

tawılıwı arqalı awqattı pisirip jewge o`tiwi, mal-mu`liktin` esabın alıw za`ru`rliginin` payda bolıwına baylanıslı esap-sanaqtın` kelip shıg`ıwı, keselliktin` ko`beyip ketiwine baylanıslı emlewshi ta`wiplerdin` payda bolıwı ha`m ja`miyet basqarıw usıllarına sa`ykes bilim ha`m danalıqlar za`ru`rlikler ku`sheyip baradı. Ta`rbiyanın` payda bolıwına tiykarg`ı faktorlardan biri evalyusiyalıq protsess penen qatar ja`miyetshilik ha`m o`nim ta`jiriybeleri iyelep keldi. Tirishilik quralların izlewge, qoldan jasawg`a qaratılg`an ko`nlikpe, qa`bilet ha`m a`detlerdi jas a`wladqa u`yretiwden baslang`an ha`reketler «ustaz» degen ullı attı payda qıldı. Ustazlar, u`lken a`wladlar turmısınan, ta`jiriybeden jıynag`an na`rselerdi jetistirip oqıp, ko`nlikpelerdi jas a`wladqa u`yretip barg`an.

Aqıl menen ilim-ag`artıwshılıq iyeledi, ka`sip payda boladı, du`n`ya sırların iyeleydi. Aqıl ju`rek ishindegi nur menen tuwrılıq ha`m natuwrılıq penen alınadı, aqıl o`zinin` qatarların, du`n`ya ba`lelerinen qutqaradı. Aqıl jannın` o`miri, jan denenin` o`miri, dene bolsa mu`shenin` o`miri. Ata-babalarımız a`sirlerden aqıllı bala ta`rbiyalawdag`ı ta`jiriybelerge teren` tu`singen ha`m sog`an qarap ta`rbiya ma`selesindegi xızmetlerinde qatan` tu`rde a`mel qılg`an.

Balalarda san tu`sinigi kelip shıqqannan keyin na`rselerdin` sanın, shamasın, salmag`ın, ko`lemin beriw, sol na`rsenin` materiallıq mazmunın biliw menen bekkem baylanısta qa`liplesken. Adam a`weli en` a`piwayı biliw formasın seziw arqalı beriletug`ın o`nimli na`rselerdin` sıpatın na`zerde tutqan. Bul da`wirde balalardın` barmaqları tariyxıy a`hmiyetke iye bolıp «on» sanının` kelip shıg`ıwında u`lken ashılıwdı payda etken. On sanının` payda bolıwı o`z da`wirinde koinotg`a ushıp shıg`ıwdan kem jan`alıq bolmaydı, bunı du`n`ya xalıqları ha`zirge shekem tariyxıy ashılıw sıpatında ta`n aladı.

Balalardın` sanlardı umıtpay sanawda barmaqlarg`a: bas barmaq, balan u`yrek, orta terek, shu`ldir shu`mek, kishken g`ana bo`bek dep at qoyıwı, zerikpey qızıg`ıp sanawg`a ko`rgizbeli qural bolıp xızmet qıldı.

Bul za`ru`rlikler na`tiyjesinde miynetti bo`listiriw ma`selesin keltirip shıg`arıw, onı u`yreniwge, oqıwg`a, jazıwg`a bolg`an talap payda boldı.

Adamlardın` pikirlerin o`z-ara tu`siniwi da`slep su`wret sızıwdan baslang`an. Su`wretlerdi qara taslarg`a, mramorlarg`a sızıp xat ta`rizinde oqıp pikir alıwdan bolsa, keyin jazıwdın` payda bolıwına baylanıslı, qag`az shıqqang`a shekem xatlardı sol taslarg`a jazıp, ayaq jetken jayg`a shekem taslardı arqalap ju`rip adamlardı oqıtqan, keyingi waqıtlarda ha`rip penen oqıw, jazıw usılları payda bolıp rawajlana basladı.

Ta`biyat,insan, aqıl-intizam, materiallıq ruwxıylıq bulardın` ha`mmesi bir-biri menen bekkem baylanısta kiyatırg`an belgili protsess bolıp, pedagogikalıq bilimler belgili tariyxıy da`wirlerdi sa`wlelendirgende awız-eki xalıq pedagogikası pa`ninin` payda bolg`anına ha`m rawajlang`anına tiykarlanadı. Xalıq ta`rbiyası, onın` ha`r tu`rli bay miyrasına aqıl-oyının` g`a`ziynesin bayıtıwda tiykarg`ı qural bolatug`ının ta`jiriybede anıqlap bergen.

A`ste-aqırın adamlardın` miynet xızmeti rawajlanıwı menen olar tarmaqlarg`a bo`linip, balalarda ha`r tu`rli ka`siplerdi iyelewge bolg`an qızıg`ıwshılıq ku`sheyip bardı. Balalar u`lkenlerdin` o`nerin u`yreniw menen birge, olardı a`melde qollanıwdın` usıllarınan sabaq aldı.

Ja`miyettin` rawajlanıwı menen ta`lim-ta`rbiyada jetilisip, ma`na`wyat protsessinin` nızamlarında payda bolıp, sog`an baylanıslı bilim, ko`nlikpe beriw usılları kelip shıg`a baslaydı.

Adamzattın` insan sıpatında qa`liplesiwindegi uzaq, protsess adamnın` en` a`hmiyetli fazıyletleri aqılıy ziyreklik, huqıqıy kamalg`a jetiw, miynetke shın beriliwshen`lik, erkinlik, joqarı materiallıq an`, ka`siplik qa`bilet ha`m materiallıq kewil ashıw a`detlerine erisedi. Adamlardın` aqılıy waqıya ha`m ha`diyselerdi gu`zetiw, onın` ma`nisin tu`siniw, sebep ha`m aqıbetlerin an`law, onnan g`a`rezsiz juwmaq shıg`arıw, qa`biletlerdi, pa`m-farasat, ziyrekligin rawajlandırıwg`a qızıqtırıw wazıypaları ta`lim-ta`rbiyanı o`zlerine ka`sip qılıp alg`an ustazların da payda qıla baslaydı.

Waqıt o`tken sayın balalardın` bilim alıw biyg`a`rez pikir ju`ritiw, bekkem aqılg`a iye bolıw, salamatlıq ta`repinde jetilisiw, watan qorg`aw, u`zliksiz

shınıg`ıwlar islew, bilim ta`rbiya alıwg`a bolg`an maqsetlerinde qa`liplesip jeke adamnın` ekanomikalıq sıpatlar anıqlanıp bardı.

Balag`a aqıl, ta`rbiya beretug`ın birinshi ustazı ata-ana. El qa`dirine ılayıq dana ata, ka`ywana, dilbar, bilimli ana ja`miyet ha`m xalıq, el, din ha`m iyman ushın jaramlı perzentlerdi jetkizip berdi. Ata-ana insang`a bir ma`rte beriletug`ın en` u`lken baxıt. Olardın` so`zin so`ylew, o`rnek alıw, hu`rmet etiw, ha`tte jaman atlı bolg`an sharayatlarda da onnan waz keshiw ha`r bir perzenttin` parızı ha`m qarızı dep bilgen.

Ata-analar balalardın` aqıllı, a`depli, bilimli bolıp jetilisiwi ushın ha`miyshe oqıwshılardın` ja`rdemine mu`ta`j bolg`an, mu`la`yim a`dep-ikramlı ata, mu`la`yim a`dep-ikramlı ana. Olar ha`mmenin` perzentlerin o`z perzentindey ko`rip aqıl, ta`rbiya beriwde ku`shin ayamag`an mug`allimnin` balalarg`a qılatug`ın ta`siri sonday ku`shli bunday ta`sir ku`shinin` ornın hesh qanday sabaqlıqta, hesh qanday izzet-hu`rmette, na`siyatlarda, jaza sharaları ha`m basa almaydı, ol muqaddes zat dep tu`singen.

Bir danıshpan İskender Zulqarnaydan:

-Kimdi ko`birek jaqsı ko`resiz, atan`ızdıma yaki ustazın`ızdıma?-dep sorag`anda.

İskender og`an bunday juwap beripti:

-Atam meni du`n`yag`a keltirip jerge tu`sirdi. Ustazım bolsa meni aspang`a alıp shıqtı. Sonın` ushın olardın` ekewi ha`m menin` ushın teberik, ekewin ha`m jaqsı ko`remen, dep aytqan.

Qaraqalpaq xalqının` jaratqan aqıl-a`dep qag`ıydalarında:

A`wel bastan beklerim,
Ata da`rkarjigitke,
Sol atag`a mu`na`sip,
Suw tilesen` suw bergen,
Tar kewilden jay bergen,
Ardaqlap qoldan may bergen,

Aq su`t bergen anajan,

Ana da`rkar jigitke.

dep qosıq aytqan.

A`yemgi Zardusht dini otash-oshaq dini dep de atalg`an, sog`an baylanıslı Qaraqalpaq xalqında aytılıp kiyatırg`an ot bası, ot otash, otashtan otashkur, Tu`rkiyalı  oshaq oydırıw, qara qazan, ısınıw, birgelesip awqatlanıw a`detleride sog`an baylanıslı kelip shıqqan.Oshaq tek g`ana shan`araq awqatlanıw, ısınıw ushın g`ana kerek bolıp qalmastan, shan`araqtın` awızbirshiligin tatıwlıg`ın bekkemlew, el-xalıq ha`tte ma`mlekettin`  ta`g`dirine tilekles bolıw, kerek bolsa aqıl qosıwdan sol oshaqtan baslang`an. Sonın` ushın  da ot bası, ot ag`ası dep ila`hiy, muqa`ddes, ka`ramatlı jay dep tu`sinilgen. Xalqımızda tan`nan aman shıqqan ha`r bir perzentke birinshi isin`: erte turıp atan`dı ko`r, atan`nan keyin atın`dı ko`r, qon`sın`dı ko`r, qon`sım aman, men aman, olardın` pa`tiyasın al, jaqsı nietke iye bol, delingen. Bir ta`repten qarag`anda xalıqtın` ta`rbiyalıq da`stu`rlerin u`yreniw pedagogikalıq bir  tutas protsessti tariyxıy, ja`miyetlik mu`na`sebetlerdi an`lawg`a mu`mkinshilik beredi. Balalardın` nızamg`a aylandırılg`an ma`nisin tu`siniwge, xalıqtı an`lawg`a a`detlendiredi. Shan`araqta xalıq pedagogikasının` tsiklları pu`tini menen kompleks tu`rde saqlang`an. Olardı balalarg`a u`lkenler ta`repinen gezegi menen tan`lap tu`sindirip, an`ına sin`dirip barg`an. Ata, ana, apa, a`ke, ajag`a, u`ke, sin`li, qarındas, kelin, qa`yin ata, qa`yin ene, qa`yni dep atı aytılmaytug`ın a`wladlardan jeti atasının`  atların, biliw, urıwlas, awıllas, qarındas-urıg`lardan bir jag`alı eldin`, ma`mlekettin` konstitutsiyalıq siyasatg`a shekem jeterli tu`sinip, og`an su`yenip jasawg`a u`yretilip barg`an.

A`yemgi yunon tariyxshısı, tariyxtın` atası esaplang`an Gerodittin` «Tariyx» kitabında  a`yemgi saklar, forslar ha`m massagetler adamdag`ı en` alg`ısqa ılayıg`ı erlik dep bilgen. Sonın` ushın ol balalardı bes jastan jigirma jasqa shekem u`sh na`rsege at shabıw, oq-jay, atıw ha`m a`dalatlı bolıwg`a u`yretken.

Aqıl-ta`rbiyası balalarg`a bilim beriw menen birge, milliy ha`m diniy qa`diryatlardı sin`diriw, miynet etiw, aqıldı ilimiy bilimler, do`retiwshilik o`ner menen shınıqtırıwdı maqset etip qoyg`an.

Bizin` anna topırag`ımızda payda bolg`an du`n`yadag`ı en` a`yemgi din Zardushtiyliktin` muqa`ddes kitabı «Avesto» da, ta`rbiya o`mirdin` en` a`hmiyetli tayanıshı bolıp, ha`r birj as a`wlad jaqsı oqıwı, jazıwı, o`tilgen temalardı shawqımsız ta`kirarlawı kerek. Kishi jastag`ı balalardı oqıtıw protsessinde ko`rgizbeli qurallardan, gu`rrin` ha`m jıynalıs, oylaw, pikirlew usıllarınan paydalanıp, miynet su`yiwshi, ka`sip-o`ner iyelew, ko`nlikpelerin qa`liplestiriwge u`lken itibar berilgen. Olar jaslıg`ınan terek na`llerin egiw, u`y sha`rayatında qollanatug`ın qurallardı jasaw, jerge islew beriw ha`m sharwashılıq penen shug`ıllanıwg`a u`yretilgen.

İslam dininin` muqa`ddes kitabı «Quran» iy Karimde insan dun`yag`a kelgennen keyin, aqıllı, taza pikirli, jan`alıq jaratıwshı, g`a`rezsiz pikirlep is ju`ritiw, hesh na`rsege azar jetkizbeytug`ın («Ka`sapat aylasan` o`ltir jılandı, sha`riyat izlesen` ku`ydirme jandı»degenindey) hadal, mexriban, miyrimli insanlardı ta`rbiyalawdan ibarat.

Quranı Karimnin` 13, 49 ayatlarında:

-Ha`y insanlar, haqıyqattan da, biz sizlerdi bir erkek (Adam) ha`m bir hayal (Hawa) dan, ja`ne bir-birin`iz benen tanısıwın`ız ushın sizlerdi ha`r qıylı xalıqlar ha`m urıw-elatlar qılıp qoydıq. Alla- tala aldında ha`mme qa`wimler ten`.İnsannın` rawajlanıwı ushın mal-du`n`ya, joqarı lawazımda bolıwı emes, ba`lkim aqıllı, fazıyletli bolıwı sha`rt delingen. Og`an insanlar muxabbat, jınıslar muxabbatına joqarı baha berilip ruwxtın` ila`hiy sovushanlik da`rejesine ko`teriliwi ha`m ilohiyot penen miyasar bolıwı ko`rsetilgen.

İslam dini mine 14 a`sirden berli ta`rbiya quralı bolıp g`ana qalmastan o`zindegi oqıw, bilimnin` o`tkir ta`sirliligi menen adamzattı sawatlılıqqa, awızbirshilikke, ma`deniyatqa iytermelep, kelip shıg`ıwı, tuxım-teberigi, milletine qaramastan islam dini milletler ara doslıqta bolıwına shaqırıp keledi.

Xalqımızda «Qudayı qonaq» degen bir muqa`ddes so`z bar. Eger uzaq joldan kesh kiyatırg`an bir jolawshı awıldın` bir shetine kelip «Qudayı qonaq alın`» dep aytsa qabıl qılmag`an u`ydin` o`zi bolmag`an, ketkenshe qonaqqa barın berip, izzet-hu`rmet ko`rsetken.Ayırım bazı birawıl turg`ınlarının` qonaq ketetin sharayatı bolıp turıp awhalın tu`sintirse yaki aytsa, ol u`ydi awıllasları «Qudaydın` atına so`z keltirdin`» dep awıldan ko`shirip jiberiwge shekem barg`an. Sonın` ushın xalıq danalıg`ında «Miyman atan`nan ullı, qudadan birj as kishi» dep aytqan.

Belgili shayrımız İ. Yusupov:

Ku`n shıg`arg`a shapar shaqqan azamat,
Tezles dostım bizin` jurtqa jetiwge,
Tandır japqan jen`gelerden bar mirat,
Ruxsat joq artıqsha miynet etiwge.

dep kelgen ha`r bir adamg`a nan beriw, ha`r bir u`y adamlarının` muqa`ddes parızı, jazılmag`an nızam ekeni ko`rsetilgen.

İslam ha`disleri (6000000 dan artıq ) insannın` ruwxıy, aqılıy sezimlerin rawajlandırıwshı qag`ıyda etip qoydı. Ha`r bir insan bilim alıwı, aqıllı bolıwı kerek, bilimsiz aqıl iyesi bolmag`an ma`mleketti nadanlıq, g`a`plet, buzıqlıq, ashıw, satqınlıq basıp ketedi. İlimge jitibarsızlıq xiyanetshilik, zorlıqqa alıp keledi.

«Jaslıqta iyelegen ilim tasqa oyılg`an nag`ıs sıyaqlı nur shashıp turadı, ol neshe mın` ta`jim etkennen artıq» dep ko`rsetilgen. Du`n`yag`a kelgen ha`r bir insan o`zinen keyingi a`wladlarg`a: jazg`an ilimi, saldırg`an ko`piri, qurg`an meshiti, qazg`an kanalı, sawg`a qılgan quranı, adamlarg`a bergen inamı, ekken bag`ı sıyaqlı paydalı estelikler qaladı» delingen.

Adamlardın` aqılın, minez-qulıg`ın, tuyg`ıların islamda jaqsı yamasa jaman o`zgesheliklerge bo`lip olardın` ha`reketlerine baylanıslı barqulla-hesh qashan, isshen`lik-jalqawlıq ta`replerine ajıratqan halallıq, rasgo`ylik, watandı, qudanı, ata-ananı, jası u`lkenlerdi su`yiw, qattı qollıq, mehribanlıq, qızıg`ıwshan`lıq, ma`rdlik, miynetsu`yiwshilik sıyaqlı jaqsı fazıyletler adamdı jasrtadı ha`m bezeydi. Ta`ka`pbir, miyrimsiz, maqtanshaq, hu`jdansız, jen`iltek, juwapkershiliksiz,

qorqaqlıq, xiyanetkerlerden qorıqpaytug`ın ha`m basqa sol sıyaqlı qa`siyetler aqıldın` jaman ta`repi bolıp, olar insannın` abroyın tu`siredi. Onı jaramsız, axmaq qılıp ko`rsetedi, sog`an baylanıslı jaratılg`an naqıl-maqallarda:

Jaqsının` jaqsısın ayt iymanı tassın,

Jamannın` jamanın ayt iymanı qashsın.

İyman adamnın` isenemli, jaqsı nietli, o`zi jaqsı bolıwı ha`m basqalardın` hu`rmetine ılayıq bolıwı sol sıyaqlı o`zgeshelikler adamda qa`liplesken bolsa onı dosları ha`tte dushpanları  da boysınıp joqarıdan orın bergen. Eger kerisi bolg`an jag`dayda, ol jıynag`an bar iymanınan, fazıyletlerinen ayırılıp, eki du`n`yada masqara bolsın dep g`arg`ag`an. Kisi atına xiyanet etken,  mu`la`yim adamlarg`a azar beriw, o`zinin` qarındasların, xalqının` jaman atlı etken adamlar haqkında «Qudaydan qorıqpag`annan qorıq», «Quday urg`andı payg`ambar kesewi menen uradı» degenindey bunday adamlarg`a etken qayır-saxawat, ashınıwlar zaya ketedi. Ol o`zine ba`le bolıp jabısadı, sebebi olar o`tirik so`ylep, monotga xıyanet etip, wa`deberiwden arı o`tpedi. Haqıyqıy insanlar o`zinin` tınıq aqılı, bilimli, ras so`zi, jag`ımlı a`debi menen xalqımızdın` muxabbatına iye bolg`an ko`pshilik sol sıyaqlı iyman ju`zli, perishteli adamlardı mudamı izlegen.Olardın` jaqsı o`zgesheliklerin o`zlerinde ko`riw ushın xızmetinde bolıp, bir ha`rip u`yrense baxıt dep bilgen. «Altın alma, duwa al, duwa altın emespe» degen naqıldı jaslardın` miyine quyıp, ha`r iste halal, pa`k, ras so`zli, qayır-saxawatlı, aqıllı adamlardan na`siyat alıw, olardın` izzetinde bolıwın na`siyat etti. Bul joqarı da`rejedegi  insanpa`rwarlıq tuyg`ıların jaslarg`a shan`araqtan baslap u`yretilip, olardı pa`k aqıl iyesi etip ta`rbiyalawda ku`sh bergen. Din xalıqtın` rawajlanıwında xızmet etip, ol marifat, ta`lim-ta`rbiya, qa`nat, doslıq, watandı su`yiwge, mehribanlıq, ras so`zlilik fazıyletlerin islew ha`r bir insannın` parızı ha`m qarızı dep uqtırdı. Aqıl-pikiri, ullı adamlar, payg`ambarımız, u`sh jag`dayda jalg`an  so`ylew keshirimli degen.

1. Er-xatınnın` jarasıwı ushın aytılg`an jalg`an.
2. Adamlardı jamanlıqtan toqtatıw ushın aytılgan jalg`an.
3. Urıstın` aldın alıw ushın aytılg`an jalg`an.

Alla-tala adamlardı jamanlıqqa shaqırıwdı qattı qaralaydı. Jaratılıw ushın aytılg`an jalg`an da jol beredi. Bul ullı fazıyletler xalıqtın` bala ta`rbiyasındag`ı danalıqları menen qosılıp bir-biri menen bılg`ısıp ketken.

Ata-babalarımızdın` o`mir ta`jiriybesinde jıynag`an hikmetleri bala ta`rbiyasındag`ı qılıng`an g`amxorlıqları sheksiz. Aqıllı adam a`depli bolsa g`ana xalqına, ma`mleketine, o`zine, doslarına paydası tiyedi. Eger adamlardın` na`psi aqıldı iyelep ketse olnday adamnın` haywannan parqı qalmaydı, delingen danalar so`zinde. Sonday-aq aqıldın` komponentleri bolg`an na`psinin` qulı bolmaslıq, sabırlıq, insap, mehribanlıq, a`deplilik, pa`m-farasatlılıq, doslıq, su`yiw, jaqsı ko`riniw, kisi atına xiyanet qılmaslıq, sadıqlıq, ma`rtlik, onın` kerisi bolgan satqınlıq, xiyanet, ashko`zlik, maqtanshaqlıq, pa`rwayı qılmaslıq, ha`m basqa sol sıyaqlı jaman ha`reketlerdi qaralaw ma`selesine qattı itibar berilgen.

Babalarımız balanı jastan dep shan`araqta balalardı kishkene waqtınan baslap bunday jaman illetlerden saqlanıwg`a, oshaq basında jaman so`zlerden abaylı bolıwg`a ta`rbiyalap kelgen. Sonday-aq xalıq pedagogikasında ta`biyat apatlarınan, dushpannın` qorqınıshlı hu`jiminen, ishki qarsılıqlardan taymay gu`res alıp barıwg`a shaqırıp, «Er bolsan` elin`di saqla, eldin` bergen duzın aqla», «Jigit bolsan` shox bol, shox bolmasan` joq bol» dep olardın` aqıl-oyın qayrap kelgen.

Xalıq pedagogikasında aqıl miynetin rawajlandırıw ushın ha`r bir insan o`mirden ta`jiriybe arttırıwı bilim, ilimdi u`yreniw tiykarg`ı wazıypalardan biri esaplang`an.

Abu Nasır Farobiy aqıllı adam dep sonday adamdı aytamız-onda o`tkir ziyin, oyshan` bolıw menen birge ilimli, fazıyletli ha`m bolsın, onday adamlar o`zinin` ha`mme qa`biletlerin ha`m jaqsı islerin a`melge asırıwg`a, jaman na`rselerden o`zin saqlawg`a ha`m tıyıwg`a qaratılg`an bolıwı kerek. Sonday adamlar g`ana aqıllı ha`m tuwrı pikir ju`ritiwshi dep aytıw mu`mkin.

Ma`rifat iliminin` bilimdanı A. Alvoniy «ilim du`n`yanın` izzeti, axırettin` sharapatı. İlim insan ushın zor muqa`ddes bir fazıylet, ilim bizin` xalqımızdı ayna sıyaqlı ko`rsetedi, pikirimizdi qılısh sıyaqlı o`tkir qıladı, ilimsizlik miywesiz terek,

ilim bizdi jamanlıq ba`lesinen qutqaradı, insaniyattı ma`deniyat, ma`rifat du`n`yasına alıp shıg`adı, jaman peyillerden, buzıq islerden qaytaradı, jaqsı minez-qulıq iyesi etedi».

Sawatlılıq, ma`rtlik, o`z isinin` paydası, maqsetke erisiwge umtılıw, ma`rtliktin`, pida`yılıqtın` bekkem sıpatı. Bul sıpatlarg`a iye bolg`an adam qanday maqsette jasaytug`ınlıg`ına jaqsı tu`sinik.

«Oqıw ilim-aqıl shaqıradı» deydi dana xalqımız «İlimde qartayıw bolmaydı», «Jigitlik istin` keshi joq», «Ma`ngi jasap, ma`ngi u`yren», «Bilimsiz adam sharlanbag`an baltag`a uqsaydı (rus naqılında)», «Ko`p jasag`an emes, ko`pti ko`rgen, ko`p oqıg`an(adam) ko`p biledi», dep aytsa, ko`p jasap, bilim, ta`jiriybesin toplay almag`an adamlarg`a qaratıp «Erte turıp genje qalg`an, ayaq-qolın isik alg`an» dep ta`riypleydi. İlim iyne menen qudıq qazg`anday, oqıw bull su`yenetug`ın miynet, «Oqıwdın` miyneti tatlı», deydi danalar. Sog`an qarap ata-babalarımız balalardın` bilimli bolıwın, so`zge sheshen dilbar bolıwın jaslarg`a miyrimli bolıwdı ha`mme waqıt ta`kirarlap kelgen. «Dostı ko`pti jaw almaydı, aqılı ko`pti da`w almaydı», «aqıl tozbaytug`ın ton, bilim tawsılmaytug`ın ken`», «ha`mme ıdıs tolıq ha`m, bilim ıdıstı hesh, bilim ıdısı hesh tolmaydı, qansha salsan`, sonsha ken`eyip bara beredi», «aqıl ko`pge jetkizedi, o`ner ko`kke ko`teredi», «aqıl da`r`ya, qansha alsan` da sırqılmas, jer g`a`ziynesi qansha suwırsan` da tawsılmas», «so`z tapg`ang`a taza jol», «bilimlige du`n`ya ashıq, bilimsizdin` jolı jabıq», «o`ner ag`ıp turg`an bulaq, ilim janıp turg`an shıraq», dep ha`r bir insan bilimli, o`nerli bolıwı menen birge ja`miyet penen bekkem baylanıslı bolıp, onı  basqalarg`a u`yretiwde eline payda keltiriwdi balalıg`ınan baslap zinharlap barg`an. Xalıqtın` u`rip-a`deti, da`stu`rleri, ma`nili so`zleri arqalı adamlarg`ada ha`r qıylı sezimlerdi oyatıp sotsiallıq parızdı boysındırıwg`a, jeke adam sıpatında qa`liplestiriwge, jasaw ushın gu`res jolların bilip alıw ushın kishkeneliginen baslap u`yretken. Xalıq danalıg`ında aqıl-a`depke mu`ta`j a`depli bolmag`an aqıl iyesi jaramsız ilimsiz batırg`a uqsaydı. Ol qansha ku`shli bolmasın, ma`rtlik ko`rsete almay, qolında quralı bor, hiyleker jas baladan da

jen`ilip qalıwı mu`mkin. Eger adamda a`dep bolsa ilimi de bolıwı mu`mkin. A`dep aqılg`a baylanıslı na`rse, aqıl u`stine a`dep qosılsa nur u`stine nur boladı. Ullılıq-aqıl a`dep penen, baylıqtın qa`diri qayır-saxawatı menen, quwat qa`dri baxadirlik penen o`tip baradı.

Babalarımız perzentlerine o`sip aqıllı bolg`an sayın kishipeyil bolıwg`a, menmen bolmawg`a «menmenge zawal» dep sanasına sin`dirip kelgen.

Adam aqıllı bolsa, o`mirde maqsetine jetgen en` baxıtlı insan dep atalıwı mu`mkin. Adamlardı ju`rekten bir-birine baylanıstıratug`ın aqıl a`debi ruwxıy ma`kan ma`nisinde ko`riw mu`mkin. Olar bir-birine aralasıp, birge ju`rip baslag`an, bazıda olar da mu`shkil bolıp qaladı. Adamzattın` intellektual baylıg`ına balanın` qolı jetken jag`daylarda g`ana tolıq ma`nisindegi aqıl ta`rbiyası a`melge asırılıwı mu`mkin. Jaslarg`a qaratıp alım bolıw an`sat, adam bolıw qıyın, «atasının` balası bolma, adamnın` balası bol» dep adamnın` pikirlewi qansha teren`, oylawı da ken` bolsa, sonshelli kishipeyil, balag`a miyrimli boladı. Aqıl u`stine a`dep qosılsa jen`ilmeytug`ın jaw, almaytug`ın dawı bolmaydı. İnsannın` bunday fazıyletlerine iye bolıwı ushın ha`r bir shaxs shaxmaqtay jog`alıp, jay tasınday jayrap, jandırıp ju`rip islewi, u`yreniwi kerek degen xalıq naqılında.

Haqıyqattı da insannın` ayrılmas dostı, piri ustazı-onın` aqılı, sol dostı arqalı, jaqsı jamannan, dostı dushpannan ajratadı.

Adamzattı haywannan ajıratıp turatug`ını tuwma aqıl bull ta`biyiy aqıl bolıp, ol qarama-qarsılıq na`tiyjesinde jetilisip baradı. Ekinshi tu`ri bolsa insannın` ta`biyiy aqılın ta`jiriybede qollap, o`tkirlestiretug`ın ha`m rawajlandıratug`ın iskerligi bull ka`sip-o`ner esaplanadı.

İnsan ta`biyat inam etken aqıldı o`mirden tapqan ta`jiriybelerinde sınap ko`riw, turmısta qollanıw, ba`rqulla bilim menen jetilistiriw arqalı basqarıp baradı.

Balanın` aqılının` rawajlanıwındag`ı birinshi xızmeti zor. Balanın` bo`be waqtınan baslap aytqan birinshi so`zi «mama-su`t» bolsa, ana, a`ke, ajag`a, a`japalardın` atların qa`te aytıp shaqırıwı olardın` ken` du`n`yanın` esigin ashıwg`a bolg`an qumarının` jen`isi boladı.

So`z aqıl bilimnin` jaratılısı, adamdı nuranıy etiw quralı.  Til adamdı hu`rmet-izzetke oraydı. Adam onın` menen baxıtlı da boladı, orınsız aytılg`an so`z ushın jazalanıwı da mu`mkin.

Ullı tu`rk shayırı Yusuf Has Hajib ha`r bir iste aqıl farasat penen pikir ju`ritilse, o`zgelerge g`amxor ha`m miyrimli bolıwg`a u`yretedi deydi.

Balanın` onnan keyingi du`n`ya tu`sinigi  an`lı miynet etiwi ayınan baslanadı. Bala oyınlardın` ha`r birine xalıq  massasının` to`lep atırg`anı ta`limlik ayları jıynalg`an. Besikte jatqan bala atqa mingendey bolıp shayqaydı, a`tko`nshek ushqan bala quslarday pa`l-pa`llep pa`rwaz etedi, arbag`a asılıp, qa`dem taslawg`a, ju`riwge talpınadı.

Miynet aqıl ta`rbiyasının` tayanısh deregi ma`lim bolg`anınsha aqıldı miynetten ajıratıwg`a bolmaydı. İnsannın` aqıl-miyneti olardın` adamzatqa, ta`biyatqa, soiallıq o`mirge bolg`an hu`rme-izzette, ja`miyet ha`m ta`biyatta payda bolgan protsesslerdin` sırların baqlawda aydınlasadı. «Miynet du`n`yadag`ı en` hasıl na`rseni adamdı jaratadı; deydi V. G. Belinskiy. «Miynet o`mirdin` shırag`ı», «Adam miynet penen go`zzal», deydi xalıq danalıg`ında.

Qaraqalpaq xalqı a`yemgi zamanlardan berli perzentlerin o`mirge biyg`a`rez pikir ju`ritiw, keleshekke qattı iseniwshi etip ta`rbiyalawg`a ayrıqsha dıqqat  qılıp keledi. Jasaw ushın, o`mirden o`zine keregin alıw ushın ba`rqulla u`zliksiz pidayı miynet etiw kerekligin, onı jen`illestiriw ha`m tezlestiriw ushın miynet qurallarын islep  shıg`arıwın`ız  za`ru`r ekenligin tu`sindiredi.

Miynettin` mazmunın sol ma`niste an`law a`yemgi ja`miyetten-aq qaliplese baslag`an tu`sinik boladı. Zamanlardın` utısı menen sotsiallıq-siyasiy turmıs o`zgerisler payda bolıwı aqılıy miynet ta`rbiyası menen  fizikalıq miynet ta`rbiyası  fizikalıq ma`na`wiy ma`rifat ta`repinen bir qansha o`zgesheliklerge iye boladı. Na`tiyjede miynet ha`m miynet ta`rbiyasında mu`na`sebetler o`zgerdi.

Aqılıy miynet du`n`yanı biliw, bilimlerdi o`zlestiriw, sol tiykarda o`zinin` ko`z-qarasların qa`liplestiriwden ibarat boladı. İnsan miynetinin` tiykarg`ı o`zgesheliklerinen biri onın` oylawı, do`retiwshilikke ilha`m ha`m u`zliksiz

shug`ıllanıwı esaplanadı. İnsan buyım ha`m qurallardı jaratqandag`ı maqseti materiallıq ha`m ma`na`wiy mu`ta`jligin qanatlandırıp g`ana qalmay sonın` menen birge jaratqan na`rselerinin` go`zzallıg`ı basqalardın` dıqqat-itibarın o`zine qaratıp, olardın` da ha`wesin keltirip, materiallıq ha`m ma`deniy mu`ta`jligin qanatlandırıw haqqında oylaw talap etilgen.

Aqılıy go`zzallıq ta`biyatta, miynette insanıylıq mu`na`sebetlerde ayqın ko`rinip, ol insannın` ma`na`wiy o`mirinin` mazmunın quraydı. İnsan go`zzallıqtan ilha`mlanıp g`ana qalmay aqılıy miynet arqalı o`zine go`zzallıq jaratadı. İlim jaratadı, qosıq jazadı, su`wret sızadı, nag`ıslı buyımlar jaratadı, saz shertip, qosıqlar aytadı. İnsannın` ta`biyattan bull o`zgesheliklerge iye bolıwı go`zzallıq jaratıw ushın a`lbette kemlik qıladı. Onın` ushın ko`p oqıwı ta`biyat sırların teren` ha`m na`zik seziwi, ta`jiriybe toplawı, uzaq jıllar shıdamlı miynet etiwi,temirdey erkli bolıwı talap etiledi. Jaslarda bul sıyaqlı o`zgesheliklerdin` jetilisip barıwında ata-ana, ustazlar ha`m sotsiallıq sharayat erteden baslap-aq g`amxorlıq etip kelgen. Miynet protsessinde balalardın` go`zzallıq haqqındag`ı tu`sinikleri niyeti ha`m ko`z qarasların rawajlandırıw ta`rbiyalı istin` en` a`hmiyetli ta`repleri esaplanadı. «İnsan miyneti menen go`zzal», ol miynetsiz aldıg`a qarap bara almaydı, miynet etpese ha`tte ta`jiriybede arttırg`an a`wmetlerin de saqlap qala almaydı kerisinshe ketiwge ma`jbu`r bolatug`ın erte zamanlardan-aq tu`sine baslag`an. Eger jas a`wlad ayırım sebeplerge baylanıslı miynet etiwdi toqtatsa, turmıstan kewli suwıp hesh na`rsege jaramsız bolıp, ınjıq, an`qaw bala bolıp o`sip barıwı mu`mkin. Miynettin` haqıyqatında da miynetge aylanıwı ushın balalardın` ju`reginde belgili maqsetke qaratılg`an go`zzallıq jaratıw arqalı olardın` miynetin su`yiwge bolg`an sezimi, tuyg`ıların rawajlandırıwg`a qaratılg`an bolıwı kerek.

Jaslarg`a miynet go`zzallıg`ın tu`sindiriw arqalı miynetti insannın` o`speytug`ının aqılıy, ruwxıy ha`m fizikalıq ta`repten jetiliwi, onın` go`zzallıqtı jaratıwdag`ı jaqsı shadlıg`ın saltanat etiw olarg`a ilha`m bag`ısh etedi. Miynet

penen jaratılg`an ha`mme na`rselerdin` go`zzallıg`ın balalardın` oyına jetkize alıw aqıl ta`rbiyasının` a`hmiyetli wazıypalarınan biri bolıp esaplanadı.

Balalar ushın ata-babalarımız oyınshıqlardın` bir neshe tu`rlerin qoldan jasap beretug`ın bolg`an. Olardan balanın` birinshi qademi ataq arba, u`ydin` diywalların jag`alap ju`riwden baslanıp, ol balanın` jaqtı du`n`yag`a na`zer taslap gerdiyip turıwında «o`mir» degen ullı na`rsege qushtarlıg`ın u`lken g`amxorlıg`ı ha`m oyınshıg`ı ha`m dostı bolg`an. Mine sonnan baslap-aq balalarda ata-analardın` aqılı menen jaratılg`an ha`mme bahalı baylıqlarına qızıg`ıwshılıq, minnetdarshılıq payda bola basladı.

Qaraqalpaq xalqının` aqıl-jolınan jasalg`an qara u`ydin` taxtayların, arba, su`wret sızg`ısh, keste tigiw, gilem, alasha, toqıwshılıq, muzıka a`spabların jaratıwda ma`deniy sırqılmas bulag`ı bolıp esaplanadı. O`z na`wbetinde balalarda bul do`retiwshilik miynetten shette qalmaydı.

U`lkenler de balalardın` bul isler ele qolın`nan kelmeydi dep itibar bermesede, kishkeneliginen bul isge qızıqkan balalar atalarının`, ajag`alarının` qasınan shıqpay, ayrım baqlawshı bolıp g`ana qalmay, olarg`a ataq arba sog`ıp ber, quwırshag`ıma ko`ylek tigip ber, ol mine bunday bolsın, onday bolmasın, bul maslama qolaysız, uzın-qısqa bolıp ketipti, uzaqtan dawısı shıqpaydı, sog`ıp bergen atın` ju`rmeydi dep o`zlerinin` pikirlerin aytıp, buyrıq berip te isletken. Balalardın` sol a`detine baylanıslı «Ko`ptin` aldında ku`shsizdin` hu`kimi zor» degen naqıldı ju`zikke qas qondırg`anday etip jaratqan.

Keyingi waqıtları oyınshıq jasawdın` ta`silin alg`an balalar kem-kemnen o`zleri jasawg`a qızıg`adı. Aytarlıqtay jaqsı bolmasada o`zinin` do`retpesin iske asırıwg`a urınadı. Keyin olar o`zlerinshe kanstruktor, pishiwshi, tigiwshi, go`zzalıg`ın sınawshı modalar, dizainer, su`wretshi, qosıq aytıwshı, shayır bolıp sol arqalı aqıl miynetinin` kompleks tu`rlerin qıyalına keltirip, haqıyqıy turmıstag`ı ekonomikalıq sezimlerdi oyata baslaydı. Aqılıy insanlardın` ortag`a keliwinde ata-analardın` balalarg`a kishkeneliginen baslap-aq turmıstın` ha`r qanday jetisetug`ın ha`r qanday aqıldın` tiykarında miynettin` jatqanlıg`ın balalardın` sanasına

a`piwayı oyınlar  arasındag`ı  do`retpesinen baslap sin`dirip barg`anlıg`ı onın` na`tiyjesi bolg`an xalıq pedagogikasında anıq ko`rinedi.

Elden  ziyrek, ta`biyiy qa`biletlerge iye bolg`an balalardın`  keleshegine u`mit etken ata-analardın` g`amxorlıg`ı menen sheklenbey, ustazlar mehrin berip, ha`tte awıldag`ı pu`tkil xalıq olardın` tileginde bolıp, u`lken o`mirge atlandırıwın o`zlerine parız dep bilgen.

Qaraqalpaq xalqı o`zinin` aqıl miynetinin` arqasında turmıstın` ha`r bir tarmag`ında go`zzallıq jaratqan. A`sirese turmıslıq ma`selede u`y taxtayların sog`ıwda, toqıwda, jipti iyiriwde, boyawın tawıp boyaw, bezew, kereklerin ayırıp, nag`ıs oyıp, Temirden a`skeriy qural-jaraq, qılısh, nayza, xanjar, tırma, ketpen, bel, qazan oshaq ha`m basqa na`rseler sıyaqlı turmısqa kerekli buyımlar satıwda balalıqtan baslap qız-jigitlerdin`  do`retiwshi arzu-a`rma`nları  estetikalıq qıyallarınan ja`mlengen.

Sho`pshegim sho`pshek,
Altın  xangilchak,
Jeti qızdın` anası,
Ele kelinshek.

Degen naqıldın` qız balalardın` turmısqa bolg`an quwanıshın terbetken quwırshag`ı aradan jeti a`wlad qız ortasında balalıqtag`ı shadlıg`ın o`inde saqlap qalıwın aytadı. Qız bala qıyalg`a beriliwshen`, tez tu`sinetug`ın boladı, olar kishkeneliginen baslap-aq keleshekke olardın` ana bolg`ang`a shekem, bala ta`rbiyasının` moynına ju`klengeni u`lken bolg`anda kindik qanı tamg`an jerdi, altın bosag`asın ma`jbu`riy taslap ketetug`ının sezedi. Sonday –aq qızlar turmısqa shıqsada o`zi menen birge quwırshag`ın da alıp ketip qa`dirlep saqlaydı, keleshekte perzentlerine, aqlıq-shawlıqlarına miyras etip qaldıradı. Shın ma`nisinde qızlardın` o`ner u`yreniw jolındag`ı da`slepki aqılıy do`retpesi quwırshaq oyını boladı.Quwırshaq bul-go`zzal qızdın` su`wreti, barlıg`ı haqqındag`ı jaslıqtın` ja`ha`nge fantaziyalıq sayaxatı bolıp g`ana qalmastan pu`tkil sotsiallıq turmıstın` kompleks tu`rdegi tuta sbir taza taxtası. Quwırshaq degende sol u`ydi shırayg`a

bezewshi xojalıqtın` ko`rki qız yaki kelinshektin` u`ydi jaynatıp, bezewi tu`siniledi. «U`lken u`yge ne kerek bolsa, kishkene u`yge de sol kerek boladı» degendey ha`r bir xojalıqta ne na`rse bolsa, quwırshaqtın` «u`yinde» de sol na`rse bolıwı kerek. Azıq-awqattan baslap, olardı tayarlaytug`ın na`rseler.

Qızlardı aqılıy miynetke u`yretiwde, da`slep gilem, qızlarg`a oyılatug`ın «mu`yesh», «qoshqar shax», nag`ısları ko`rkemligi menen adamdı o`zine qaratadı. Mu`yesh sızıw usılı belgili nag`ıs sızıwshılardın` nag`ıs repertuarlarında tiykarg`ı orın iyelegen. «Qoshqar shax» nag`ısı İran, Xorasan ha`m Xarezm shaxlarının` u`stki kiyimlerinde bolıp, ol jag`adan to`mengi ta`repinde jaylastırıladı. Xannın` shax dep aytılıwı ha`m tulg`anın` shaxs dep ju`ritiliwi sol shaxtan kelip shıqqanlıg`ın da`liyllep turadı. Bulardan basqa nag`ıs oyıwdın` en` eski derekleri tereklerge, su`yeklerge, terilerge, o`simliklerdin` shaqaları, japırıqları, bo`rtikleri, gu`l g`umshalardın` su`wretin oyıw ha`m solardın` ren`leri menen go`zzallandırıp boyaw ken` qollanılan usıl bolg`an. Adamlardı go`zzallıqqa talpındıratug`ın bul nag`ıslar, do`retpege qızıg`ıwshı shaxslar ustazlarının` a`tiraplarına talpınıp, «ilmek», «suw tartıw», «salma», «suw nag`ıs», «tag`ınshaq», «g`arg`a tuyaq», «keri qoyıw», «tegis sızıq» sıyaqlı sızıw ha`m ag`ashqa, temirge, mısqa oyıwdın` usılların u`yrengen.

Kishkene qızlarg`a anası mag`lıwmat bolıp o`riwdi toqıwg`a u`yretedi. Qısta u`ylerde, jazda shertekte, tereklerdin` sayasında 5-6 qız jıynalıp keste tigiwdi u`yrenedi. Sheberleri u`lgini dizesine qoyıp otıradı, basqaları sog`an qarap u`yrenedi. Olar jaratqan go`zzallıq ruwxıy alımnın` sırı bolıp ta`lim ma`deniyatının` qatarınan orın aladı. Ol balalarg`a aqıl ta`rbiyasın beriwde na`rselerge nag`ıs oyıw islerinin` olardın` o`zlestiriwinde an`sat bolıwı ushın o`zlerin qorshag`an ta`biyattan bo`leklenip ketpey turmısta konkret bar na`rselerdi jaratıwda su`yenish ekenligin ko`rsetedi. Ma`selen: ag`ashqa, temirge, diywalg`a yamasa kerekli na`rselerge oyılatug`ın nag`ıslar o`simliklerdin`, haywanlardın` mu`shelerine, su`yeklerine, tu`r-tu`sine uqsatıp nag`ıs sızıw a`detke kirip qalg`an. Sonday-aq geometriyalıq nag`ıslar atanaq, to`rt mu`yeshli altı, segiz qırlı figuralar

qollanıp ha`mmesin ta`biyatta izbe-iz tutas boyawlar bolıp adamlardın` o`zlerine tanıs na`rseler bolg`anlıqtan olardın` sırın ayrıqsha izleniwge orın qalmaydı. Olarg`a ustazlıq etken pida`yı sheberler ziyinli sha`kirtlerinin` qa`biletin, xarakterin, qulqın, aqıl ha`m intelektuallıq ta`repinen rawajlandırıw da`rejesin, qızıg`ıwshan`lıg`ın u`yrenip sog`an qarap tapsırma berip, onın` na`tiyjelerin ta`kirarlag`an. Kem-kemnen ta`jiriybesi asqan balalar bılay islen` dep jol-joba beriwdi ku`tip otırmay tınımsız ta`kirarlawdın` na`tiyjesinde sog`ılg`an na`rselerge, shıg`arılg`an shıg`armalarg`a ıqlası artıp, ustazlarının` ko`rsetpesisiz o`zleri islep keteberiwi anıqlanadı. Ta`jiriyde bilim shın insandı jaratadı, «Ta`jiriybe ha`m aqıldın` anası», deydi dana xxxalqımız. Ata-babalarımız, aqılın` bolsa bir na`rseni u`yren, biraq aqıl qa`biletsiz bolsa, ol a`melge asırılmasa, jansız denege uqsaydı, «Bilimsiz ınjıq bolsa, tu`pirigin jalaytug`ın atqa uqsaydı», onı tınımsız qayrap barmasan` ol o`ledi, delingen xalıq danalıg`ında. Balada qanshelli talant bolsa da, ustazdan jol-joba almasa kemshiliklerdin` bola beriwi ta`jiriybede sınalg`an. Sonın` ushın «ustaz ko`rmegen sha`kirt ha`r na`rsege bir do`nedi» degen naqıl ju`zikke qas qondırg`anday ornın tapqan.

Sotsiallıq turmıs estetikası sıyaqlı xalıqtın` aqıl oyında ba`lentlerden derek berip turadı. Olar watang`a, miynet adamnın` aqılıy rawajlanıwın ko`rsetip o`tedi. Xalıq pedagogikası jas a`wladtın` aqılıy rawajlanıwında qanshelli dıqqat ajıratqanlıg`ı aqlanadı. İnsan qanshelli bilim alıp, ilimdi iyelep, ka`sipti basqarıp barsa, ol xalıqtın` baylıg`ı, onın` iyesin ha`mme waqıt, ba`rqulla baxıtqa jeteklep keledi.

## 1.2.Aqıl ta`rbiyasının` rawajlanıwında ta`biyattın` roli.

Adamdı ta`biyat jaratadı, biraq onı ja`miyet
kamalg`a keltiredi ha`m qa`liplestiredi.

V.T. Belinskiy.

İnsan payda bolg`annan-aq ta`biyattın` bir bo`legi, ol ılaydan jaratılıp ılayg`a barıp tu`sedi, keyin ta`biyattag`ı ha`mme na`rseler o`z-ara birlesip bir ja`mlenedi. Adamlar anamız ta`biyattı nannın` usag`ınday qa`dirlep abaylap, ha`r bir insannın` muqa`ddes parızı dep bilgen. Ta`biyatta artıq na`rse joq, onın` bir na`rseni shetke alıp taslap bolmaydı, ta`biyattın` ten` salmaqlıg`ın saqlamag`an jag`dayda apatshılıqqa alıp keliwin insan o`z ta`jiriybesinde ko`rip sınag`an. Ata-babalarımız a`yyemigi zamanlardan-berli jas a`wladlarg`a jasıl u`yimizdin` sırların teren` u`yretiwge, olardı qorg`awg`a pidayı ku`sh sarıplawg`a a`detlenip kelgen.

Adamlar ku`sh-g`ayratının` ha`mmesin de ja`rdem jolı menen erte zamanlardan baslap-aq jay salıw, qorg`anlar, u`y qurıw, da`r`yalar qazıw, suw alıp keliw, ko`pirler salıw, bag`lar jaratıwlar, mektepler qurıw menen shug`ıllang`an. Bulardın` ha`mmesi keleshek ushın, aqlıq, shawlıqlar ushın etip ha`m keyingi a`wladlarg`a a`ja`yip estelik qaldırg`an. Sog`an baylanıslı xalıq danalıq so`zleri ha`mme jerde aytılıp kelinedi.

Ata-babalarımızdın` en` qa`dirlegen baylıg`ı suw, topıraq, hawa, haywanat du`n`yası, o`simlikler ha`m basqa, bularsız insannın` jasay almaytug`ının zinharlap perzentlerine jazılmag`an nızam sıpatında «sabaq» bergen. «Suwdı pataslama, ayag`ında adam bar, qudıqqa tu`pirme gu`na` boladı, onnan qırıq shelek suw alıp taslamag`ansha hadallanbaydı. Patas na`rseler ko`milmese hawa buzıladı, mal ju`rgen jayda terekler o`speydi» dep bulardın` ha`mmesi pedagogikanın` oqıw quralı boladı.

Adamlar quslardın` kelip ketiwi, mallardın` tu`lewi, balıqlardın` uwıldırıq shashıwı, diyxanshılıqtın` egiliwi ha`m jıynaw waqtına shekem ta`jiriybede sınap, aldın go`zlep aytqanları tuwrı kelgen.

Mısalı: «Tırna keldi tur kelin, tu`nliginin` to`r kelin» (ba`hardin` bolg`anın bildirse), «Qarılg`ash kelgeni, boz jerlerge egin egiwdi xabarlasa, jılqı awnasa suwdın` tasıwın», «qoldın` bereketi ketse, qutanı u`sh jıl aldın ketedi», dep

adamlarg`a aytqan. Ata-analar bul ga`plerdin` ma`nisin balalarg`a tu`sindirip ta`biyattın` o`zin ko`rgizbeli qural etip, da`liylep ko`rsetip barg`an.

Atalar so`zi, do`retpeli shıg`arma sıpatında insang`a estetikalıq ha`zlik beriw menen sheklenbey isleniwi sha`rt bolg`an islerdi waqtında islewge ko`rsetpe bergen: «Jer aydasan` gu`z ayda, gu`z aydamasan` ju`z ayda», «Erte eksen`, erte orarsan`», «Su`mbile tu`sse suw qurır, suwdag`ı balıq qurır», «ay qaralansa arbanı sazla», (suwıq boladı), «ku`n qarlansa gu`regin`di sayla» (qar jawadı) sıyaqlı ta`biyattın` o`zgeriwshen` sırların bilgen. A`yyemgi da`wirlerden baslap adamlar o`zlerinin` o`mir ta`rizin ta`biyat a`lemine sa`ykes nızamlar menen tıg`ızlastırıp, olar bir-biri menen baylanıslı dep tu`sinip, sotsiallıq, ma`na`wiy nızamlardın` kelip shıg`ıw tiykarların a`melge asırıwg`a umtıladı. Sog`an baylanıslı ta`biyattag`ı ha`r tu`rli ha`diyselerge: aspan, jer, ten`iz, haywanlarg`a sıyıng`an. Mısalı: suw qudayı Nux payg`ambar, aspan qudayı Antey, jer qudayı Gerakl, Temir Dawıt, mallardı Za`ngi baba, Aysil qara, usı sıyaqlı atlar menen atap bir xalıq sıyırg`a, ekinshi xalıq suwg`a, jılqıg`a, gu`llerge, tereklerge sıyıng`an. Sog`an baylanıslı xalıq awız-eki do`retpesinde: qızlardı gu`lge, mazalı miywelerge, jigitlerdi shınarg`a, jolbarıs, arıslanlarg`a, ashıqlardı ma`jnu`n tallarg`a ruwxıy jaqınlıg`ı bar dep bilip bir-birine salıstırg`an. «Qızıl gu`ldi ektim, qızlar ko`rsin dep», «gu`ldey ashılıp ketipti» yamasa «kelin barmaq ju`zim», «on gu`linen bir gu`li ashılmag`an», bundag`ı «qızıl gu`l» ıshqının`, muxabbattın`, «ma`jnu`n tal» ashıqlarının` tımsalı sıpatında bayan etilgen.

Sonday turmıslıq za`ru`rlikler a`yyemgi adamlardın` ju`reginde quslardın`, haywanlardın` obrazı yamasa roli teren` hu`rmet sezimin oyatqan. Olardan: «Jigit bolar qozının` man`layı du`n` bolar», «Tawıstay tarang`an», «Lashın sıyaqlı», «Hawazı bu`lbu`ldey» ha`m basqa awız-eki do`retpesi de a`zelden saqalanıp kiyatırg`an ha`r qıylı obrazlar ta`biyat ha`m ja`miyet ha`diyselerine, bolg`an da`slepki a`piwayı tu`sinikler bolıp, ol iltimasımızdı bu`gingi ku`nimiz benen baylanıstırıp turatug`ın ko`pir esaplanadı.

Xalıq a`yyemgi tu`siniklerin de atlardı insan da`rejesinde ideallastırıp, batırdın` qıynalg`an waqtında birge qıynalıp ju`retug`ın etip ila`hiylestiredi. Biraq olar real turmıstan uzaqlastırılmay, tulpar atlar, qarapayım ko`lik atlar sıpatında batırlarg`a xızmet etedi. Xalıq pedagogikasının` en` a`yyemgi mın` a`sirler dawamında u`zliksiz qollanıp kelgen ta`rbiyalarının` biri er balalardı atta shabıw, gu`resiw, qoshqar urıstırıwg`a u`yretip, atlardı u`yretip baradı.

Jarısqa at jiberilgende, atqa awır bolmasın dep, qa`biletli, jen`il salmaqtag`ı balalardı tan`lap alatug`ın bolg`an. Bunday balalar at iyesi, shabandoz, el qorg`awshı baxadırları bolıp jetilisken.

Xalıq da`stu`rlerin ko`p oqıp, shabandozlıqqa qızıqqan bunday balalar o`zlerine ka`sipti erteden-aq tan`lap, Bayshubarday («Alpamıs»), Turisha atday («Qoblan»), Sandal atday («Qırıq qız»), Aqtamgardey («Ma`s patsha»), G`irattay («Go`rug`lı») batırlarının` atlarınday atlı bolıwın a`rman etken. Olar baqsının`, atta shabıwdın` neshe bir jarıslarında bolıp jarıstan o`tken. Atlardın` insan o`mirine aralasıp ketkenligi sonshelli, olardı xalıq do`retpesinde mudamı maqtanısh etken.

Atdur jigittin` joldası,
Uldur da`wlettin` bası,
Qızda bolsa kewil tog`ı,
Na`sil kerek jigitke.

Bul o`tmish tariyxımızdı bu`gingi a`wladlarg`a esletip, o`zligimizdi aqlawg`a maqtanısh etiwge estetikalıq ha`zlik bag`ıshlap g`ana qalmay olardın` aqılıy ta`repten an`lı bolıwg`a, qa`biletli bolıwg`a, ko`nlikpelerge, ruwxıy ta`sir etip erkin pikir ju`ritip, o`zi biyg`a`rez islewge, ta`biyattı su`yiwge a`detlendiredi.

## 1.3. Shıg`ıs alımlarının` aqıl ta`rbiyası haqqındag`ı pikirleri.

Ku`sh bilimde ha`m aqılda. (İ. A. Karimov)

Aqıl ta`rbiyası xalıq pedagogikası menen ilimiy pedagogikalıq en` jetekshi tu`rlerinen biri bolıp, xalıqtın` ma`na`wiy ma`deniyatı menen sotsiallıq sanasının`,

ja`miyettin`, millettin` ma`na`wiy rawajlanıwı menen qa`liplesiwinin` tiykarg`ı o`lshew tası bolıp esaplanadı. Adamzattın` ta`biyattan, ta`jiriybeden alg`an aqılıy baylıqları, sezimler, ma`na`wiy jag`dayları, parasatlı bolıw, iskerlik erkinligin rawajlandırıw na`tiyjesinde o`zi biyg`a`rez oylap, aldına maqset qoya biliwi ha`m go`zlengen niyetlerine erisiw jolında qa`biletlerdi qa`liplestiriwden ibarat.

Akademik J. Bazarbaevtın` ko`rsetkenindey «Adamlardın` haywanlardan ayırmashılıg`ı onın` aqıl parasatında». Sebebi aqıl ha`m baxıt g`a`ziynesinin` saxawat esiginin` gilti bolıp esaplanadı. Du`n`yadag`ı en` jaqsı na`rselerge iye bolıwı aqıl ha`m parasatqa tiyisli. Ha`r bir insan aqıl oyg`a iye bolıp, o`ner u`yreniwge umtılsa, ol o`z nietine jetedi! «Ha`r bir istin` o`z sebebi boladı, ha`r bir sebeptin` o`z sebepshisi boladı ha`m ha`r bir sebepshinin` ma`kanı ha`m waqtı bar, onı biliw o`mirdi uzaytadı, ma`mleketti uslaydı».

Adamzattın` islegen ha`mme materiallıq ha`m ma`na`wiy sawg`aları tek aldına baylanıslı ekenligin turmıs dep atalıwshı ullı na`rsenin` o`zi ko`rsetip turıptı. Sonın` ushın da ata-babalarımızdın` aqıl oyınan payda bolg`an ha`mme biybaha baylıqlar insan aqılına minnetdar ekenligi haqqında xalıqtın` danalıq so`zlerine ko`p tiykarlanadı.

Tuwılıp o`siw, u`yreniw, jasaw ushın sırtqı qarsılıqlardan qorg`anıw, awqatlanıw ushın u`lken haywanlarg`a pada-pada bolıp birikken tu`rde hu`jim etiw sıyaqlı instinkt o`zgeshelikleri haywanlarda da bar. Biraq adamlardın` haywanlardan ajıralıp turatug`ın jeri, parqı, arqa miy qabıg`ında jaylasqan aqıl parasatlılıq, oylaw, so`ylew qa`bileti, jaqsı qa`biletlerdi payda etiw adamlardı biriktiriw, doslıq, tatıwlıqta jasawg`a baslap barıwdı ko`rsetedi.

Ko`rkem o`ner-bul oraylıq emosiya yamasa arqa miy qabırshag`ının` sheshiwshi artıqmashılıg`ı bolıp esaplanadı. Badiylik emlsiya bull shın ma`nisindegi aqıllı emosiyanın` ma`nisin an`latadı.

Abu Nasır Farabiy-Orta a`sir Shıg`ısının` belgili oyshılı, a`yyemgi yunon filosofiyasının` Shıg`ıstag`ı en` birden bir dawamshısı ha`m u`gitlewshisi bolıp tabıladı. Farabiy a`yyemgi yunon ilimlerinin` teren` bilimdanı bolg`anı, onın`

sharıqtın` tarqalıwı ha`m rawajlanıwına u`lken u`les qosqanı sebepli «Shıg`ıs Aristoteli», «ekinshi mug`allim», (Aristotel` birinshi mug`allim) esaplang`an.Farabiy Orta a`sir Jaqın ha`m Orta Shıg`ıstag`ı aldın`g`ı pedagogikalıq ta`liymatlardın` tiykar salıwshılardan biri sıpatında o`z shıg`armalarında didaktikalıq ta`limnin`, ta`rbiyanın` psixalogiyalıq tiykarların, etika, estetikanın` kerekli teoriyalıq ma`selelerin o`z filosofiyasının` ajıralmas bo`legi sıpatında da`liylleydi. Farabiy o`z shıg`armalarında biliwdin` eki basqıshı sezip biliw ha`m aqılıy biliw haqqında pikir bildirip, sezip biliwdin` da`rejeleri, kelip shıg`ıwı, rawajlanıwı haqqında pikir bildiredi. Ol biliw protsessii ha`m insan biliwinin` kelip shıg`ıwı haqqında sonday deydi: «İnsan bilimlerdi aqıl ha`m seziw organları arqalı qolg`a kiritedi seziliwshi obrazlar seziw arqalı aqılıy obrazlar bolsa sezeliwshi obrazlar arqalı bilinedi…»

Aqıl-dep jazadı Farabiy,- denelerdi bunday sezimlerden ayırıp teksergende, ol tek denelerdin` ma`nisin neden ibarat ekenligi ha`msezimlerden neler mavhumlasshtirilganini anıqlawg`a qaratılg`an boladı. Deneni onın` baylanıslı bolgan belgilerden ajıratıp alıwshı aqıl faoliyatı sol denenin` tek ma`nisin tekseriw ushın a`melge asırıladı.

«Aqıl ha`m na`ps»,-dep jazadı Farabiy «Baxıt saadatqa erisiw haqqında degen barlıqta insan bolıp gewdelenedi. Biraq bull baslanıwlar adamzattın` sol ta`biyiy baslawshılar ta`siri astında kamal tawıp insang`a aylanıwı ushın kifoya qılmaydı, sebebi insan bolıp, insanıy kamalatqa erisiwi ushın so`ylew ha`m ka`sip o`nerge mu`ta`j…..

## II. BAP. Aqıl ta`rbiyasında xalıq awızeki do`retpelerinen paydalanıw jolları.

### 2.1. Aqıl ta`rbiyasında naqıl-maqallardan paydalanıw.

Naqıl-maqallar qısqa so`zli, ken` ma`nide derekli oyınlardın` juwmag`ınan ibarat bolg`an xalıq da`stanlarının` bir tu`ri.

Naqıl-maqallardın` deregi insan turmısında bolg`an ha`m bolıwı mu`mkin ha`diyseler menen na`rselerdi tiykar etip alg`an uzaq oylardın` ulıwmalastırılg`an ko`rinisi esaplanadı.

Ha`r bir naqıl-maqaldın` tu`binde ta`lim-ta`rbiyanın` ma`na`wiy ıxtıyajı menen aqıl na`siyat u`lgileri jarqırap turadı. Ol turmıstag`ı ha`r qıylı ko`rinisleri menen insan psixologiyasındag`ı ha`r qıylı u`lkeninen kishisine shekem ulıwmalastırıp, du`n`ya tu`siniklerin ashıp beriwge qaratılg`an o`tkir qural bolg`anlıg`ınan onnan xalıq pedagogikası ha`zirge shekem paydalanıp keledi.

Naqıl-maqallar miynetkeshlerdin` balalardın` sanalı, aqıllı, miynet su`ygish, a`depli etip ta`rbiyalawda olardın` ma`na`wiy ıxtıyajın qanaatlandırıw menen birge olardın` islep shıg`arıw menen baylanısta bolıwın an`latadı.

Naqıl-maqallar o`tmishtin` son`g`ı a`wladlar ushın qaldırg`an hasıl du`rdanaları bolıp qalmastan bu`gingi ku`ni za`ru`r bolg`an ha`m keleshek ushın da xızmet qıla beretug`ın go`zzal hikmetlerdi xalqımız ma`ngi esinde saqlaydı. Keyingi waqıtları naqıl-maqallar tek g`ana o`tmish da`wirinin` ta`lim-ta`rbiyalıq

quralı bolıp qalmastan onın` a`hmiyetli bu`gingi ku`ngi ha`m keleshek ko`z-qarasınan da joqarı  bahalanadı.

Xalqımız o`zinin` danalıqların a`yyemgi zamanlardan berli adamlarg`a aqıl beriwshi nızam-qural sıpatında tanıdı. Naqıl-maqallar ha`r ku`ni adamlardın` awzında aytılıp, jas balalardan baslap aqsaqal bolg`anınsha aqıllı, intizamlı, bilimli etip dilbar insanlardı sa`wbetke tartıp, kewil ko`teriwshi, biriktiriwshi ku`n bolıp xızmet etip keledi. Danalar shaDanalar shan`araq du`zdi, merekelerde qosılıp, o`sek aytqan insanlarg`a waqtında naqıl keltirip, aqıl u`yretken. Birewler balanın` aqılı kiretug`ın waqtı boldı, bir na`rse u`yreniwge  qızıg`ıwshılıg`ı joq dese: «o`zin` u`lgi bol», «jigitlik istin` keshi joq», dese, «bilimli el azbaydı, aqılı tozbaydı», «jawg`a janın`dı bersen` ha`m sırın`dı berme», «jaqsı ko`redi eken dep bara berme, beredi eken dep ala berme», «esik ashıq eken dep kire berme, ruxsatsız shıg`a ko`rme», «o`ltirsede elin` menen bol», «sultan su`yegin ko`re almas», «ten` atanın` balası ten`likke tursada, kemlikke turmaydı», «go`sh aynısa duz saladı,  duz aynısa ne saladı» sıyaqlı ju`da` ko`p naqıl-maqallar  keltirip ja`bir ko`rgenlerge ta`selle berip, shan`araqtı, awıl eldi, millettin`  awızbirshiligin, tatıwlıg`ın saqlawda aqsaqlıq etken.

Naqıl-maqallardı pu`tkil xalıq jaratadı, sonın` menen birge onda ja`miyettin`  pikiri o`z ma`nisin tawıp, ko`rkemlesip bayıp ha`mme waqıtta aytılıp ju`redi. Xalıq altın izlewshi, olar en` jaqsıların elekten o`tkizip, insan ta`rbiyasına kerek  bolatug`ınlarına zer tag`ıp qa`dirlep saqlap kelgen, aytılmay qalg`anları a`lle qashan umıtılıp ketken. Saylap alıng`an jaqsıları ornı kelgende neshe ma`rte ta`kirarlanıp aytılıp kelinse de, aytıwshını da, tın`lawshını da hesh zeriktirmeydi, aytılg`an sayın xalıqtın` turmısının` ha`r qıylı danalarının` bergen bahası millionerlerdin` ju`retug`ın orın alıp keledi.

«Naqıldı  bir aytpasa aqılsız aytpaydı, aqıllı so`zin naqılsız aytpaydı» degen ta`riyplewdi tariyxıy da`wirlerdin` a`zel-a`zelden kiyatırg`an janlı hawazı esitildi. Naqıl-maqallardı aytıwshılardın` belgili jası bolmaydı. U`lken, kishi dus kelgen jerde aytılajaq oydı tastıyıqlaw ushın da natuwrı pikirlewdi biykarlaw ushın da

aytaberedi, ol baspa so`zde ja`riyalang`an bolsa da, quranı ka`rimdegidey baspadan oqılmay, awız-eki tu`rde yadtan aytıladı. Sog`an baylanıslı naqıl-maqallar yadlap alıwg`a an`sat bolıwı ushın ju`da` ıxsham formada jaratılg`an bolıp etnopedagogikalıq qural sıpatında ma`nisi ku`sheytirilip berilgen.

Naqıl-maqallardın` tiykarg`ı maqseti ta`rbiyadan ibarat bolıp, a`yyemgi zamanlardan berli, ta`lim quralı bolıp xızmet etip keledi. Ulıwma a`debiyattag`ı ha`mme waqıyalar insan kewline jaqsı-jaman ta`sir etip, ku`ldirse, quwandırsa, ashınsa, ku`yiniw tuyg`ıların ku`sheyttirip ha`tte jılatsa do`retiwshilik o`nerdin` wazıypasının` pitkeni esaplanadı. Bulardın` ha`mmesi ta`lim ideyasınan ibarat bolıp, ta`rbiyalıq ta`sir etiw wazıypasın atqaradı.

İnsan ta`rbiyasına bag`ıshlang`an naqıl-maqallarda, insannın` tuwılıwı, olardın` ja`miyettegi ornına, ta`rbiyanın` maqsetleri, quralları ha`m usıllarına qanaatlandırıw, jazalaw, oqıw mazmunın, miynet ha`m aqıl ta`rbiyasına, balalardın` ata-analarınan o`tken fazıyletlerin miyras etip alıwg`a baylanıslı ta`lim ideyaları o`z ko`rinisin tapqan. İnsan ta`rbiyasına qollanıp kiyatırg`an bull eski qurallardı ha`r bir a`detke aylandırıp balalardı shıwıldatıp ju`re berdi. «Oylanbag`annın` tu`bi oyran» degenindey eki ortada du`n`yag`a jan`a shıqqan ten` huqıqlı insan xor boladı.

Ata-babalarımız insan jekkeliginin` qa`liplesiwinde qarama-qarsılıq etip kiyatırg`an sonday jaman, ag`ımsız a`detlerdi qaralap, o`zlerinin` a`ja`yıp jol-joba usıllarına ko`nliktiriw ushın toba qılıwg`a, raydan qaytıp, o`zim bolsam degen menmen a`detlerden saqlanıwg`a shaqırıwshı naqıl-maqallardı da «u`yleniw an`sat, u`y bolıw qıyın» dep zinharlaydı.

Xalıqtın` aqıl-oyı miyras ma`selesi ha`m ata-analardın` miyrasqa itibar xızmetlerin xalıq esitken.

A`wel bastan beglerim,
Ata da`rkar jigitke,
Sol atag`a miyasar,
Suw tilesen` su`t bergen,

Su`t tilesen` pal bergen,
Tar ko`kireginen jay bergen,
Abaylap qolınan may bergen,
Aq  su`t bergen anajan,
Ana  da`rkar jigitke
……………………………….
Perzent da`rkar jigitke.

İzinen tuyaq qaldırıw ma`selesi ha`r kimnin` muradı bolg`anlıqtan ayırım adamlar balalardın` qılıqların jaqtırıp, olarg`a ha`dden tıs baha berip erkeletip jiberedi. Na`tiyjede balalar waqtında tuwrı ta`rbiya alalmag`anlıqtan qın`g`ır-qıysıq jollarg`a tu`sip, ja`miyetke jat: na`shebentlik, urlıq, aldawshılıq, ha`m basqa sol sıyaqlı o`zgesheliklerdi  islep  qoyadı. Biraq, balalardın` islegen bull jınayatları ushın jeke juwapkershiligi de biykar etilmeydi: «Axmaq balag`a ata aqıl  bere almaydı», «Axmaq balanı ata da jolg`a sala almaydı», «Pitken aqıl bolmasa, su`rtken aqıl ne bolsın», «O`zine bersin» degen naqıl-maqallarda ta`rbiyanın`  ha`r qıylı jag`dayları  o`z ma`nisin tapqan.

Du`n`yanın` ha`mme xalıqlarındag`ıday qaraqalpaq xalqının` naqıl-maqallarında da jaslardı ta`rbiyalawda pida`yılıq ko`rsetken ata-ana, oqıtıwshı, ustazlardı hu`rmet, izzet etiw za`ru`rligin ju`da` ko`p ta`kirarlag`an. A`sirese ata-ananın` abrayına u`lken ıxlas qoyıladı. «Ata razı-Quday razı», «Anan` kaban`», «Ata so`zi aqıl», «Atan` pirin`, ustazın`», «Ata-ananın` xızmetin o`tedim dep aytıw orınsız ga`p», «Atan`a ne qılsan`, aldın`a sol keledi», «Balanın` o`zin tuwsan` da minezin tuwalmaysan`» dep balalardın` ata-anasına islegen mu`riwbetlerine qarap a`wladlar ta`g`diri sonday belgilenedi. «Ta`lim bergen ustazdı umıtpa». «Bir ha`rip u`yretken ustazg`a qırıq jıl sa`lem ber», «Ustaz ko`rmegen sha`kirt ha`r bir ga`pke bir do`nedi» ha`m basqalar. Bular haqqında ustazdan renjip pa`tiya almay ketip qalg`an sha`kirt haqqında «kesesi ag`armag`an» degen ga`p bar: Bir kese isleytug`ın ku`lalshının` sha`kirti sonsha jıl ju`rsem de pa`tiya berip jibere qoymadı dep ustazına qapa bolıp, basqa jaylarg`a barıp kese jasay baslaydı, biraq jasag`an

kesesi ag`armaptı, ishi qara bolg`an sha`kirt keseni qaysı jayg`a alıp barsa da satıp almaptı. Sonda sha`kirt ustazının` ayag`ına bas urıp keshirim sorap kelipti. Sonda ustaz:

Eh balam ol an`sat-g`o dep qumbazda balqıp turgan keseni alıp ishine bir u`plep depdi. Kesege u`plese ag`arıp ketipti. «Kesen` ag`arsın degen naqıl sonnan qalıptı. Keshirimli ustazlar haqqında: jaqsılıq kegi, jipek oramal kepkenshe, jamanlıq kegi bası jerge kirgenshe» dep keshirimli ustazlardı sonday ta`riypleydi.

Naqıl-maqallar induktiv ha`m deduktiv metodlarının` ulıwmadan jekege, jekeden ulıwmag`a qarap juwmaq shıg`arg`anı sıyaqlı belgili logikalıq pikirden juwmaq shıg`aradı. Biraq , ol ele son`g`ı sheshim bolmay bazı jag`dayda juwmaq bolsa, bazıda bas boylap jan`a ma`selelerdi alg`a qoyadı. «Oramal ton bolmaydı, jol boladı», «Qalın`sız qız bolsada qa`desiz ku`yew bolmaydı». Bunnan etnopedagogikag`a sa`ykes naqıl-maqallar xalıqtın` jasaw ta`rizin u`yreniwde balalarg`a sabaq boladı.

Naqıl-maqallar keltiretug`ın ta`lim u`gitlerindegi xalıqtın` du`n`ya qarasların u`yreniw o`z aldına og`an da u`lken ma`sele, olardan ta`lim quralların balalar menen ta`rbiya haqqındag`ı bilimler menen birgelikte xalıq ta`limi haqqındag`ı pikirlerdin` tiykarın sho`lkemlestiredi. Neshe a`sirler dawamında xalıqtın` o`zi ta`repinen teren` oylanıp islengen aqılıy-marifat qag`ıydası esaplanadı. «Jaslıqta alg`an bilim, tasqa oyılg`an xat penen ten`», «Oqıw pikir azıg`ı», «Aqıl jasta emes basta», «Zamanına qarap alımı», «O`neri joq kisinin` mazası joq isinin`», «Oqısan` ozasan`, oqımasan` tozasan`», «Bilek sındırmag`andı, bilim sındıradı», «A`ke ko`rgen aq janar, ata ko`rgen ton pisher ». Bul ta`rbiya ko`rgen jaslar haqkındag`ı xalıq pikiri ayrıqsha a`hmiyetli ta`lim ma`nisin an`latadı. Ol insanlar, olardın` jekeligi haqqındag`ı tu`siniklerin bahalaytug`ın pikirlerdi an`latadı. «Jaqsı adam jaman bolmas mın` adam urıssa da, ag`ar suwlar haram bolmas mın` iytler bılg`asa da», «Jalg`ız bala jawdan jaman», «Qızba adam ma`kkar bolmaydı ( ashıwı tez shıg`ıp, jamanlıqtı tez umıtadı)»,

«Jaw o`tkennen son` qılıshın`dı ko`kke shap», «Axmaq adamdı ta`rbiyalasan` awzı, murnın`dı qan etedi, azg`ın maldı asrasan` awzı-murnın`dı may etedi».

Bul naqıl-maqaldag`ı adam jekeliginin` jaqsı ha`m jaman minez-qulqın bir qa`lipte du`zetiw ta`rbiya maqsetinin` sıpatlarında ko`zge tu`sedi. Bul naqıl-maqallar bu`gingi jaslardı ta`rbiyalawda da u`lken a`hmiyetli orın iyeleydi, biraq olardın` tu`sinigine iye bolg`anların g`ana saylap alıp qollanılsa g`ana aqılg`a muwapıq boladı. Onday qılg`andı «Jaltırag`annın` ha`mmesi altın emes» deydi dana xalqımız. «Awıldag`ının` awzı sasıq» degen naqıldı qalalılar aytsa onın` ma`nisin ayırım awıllaslarımız bizlerdi kemsitti dep kewline aladı. Bul ta`repine de itibar beriw kerek.

«Aqıl qartayg`anda kiredi, ta`rbiya tuwılg`annan baslanadı» degen maqaldag`ı aytılg`anınday qundaqtan baslanıp ta`rbiya ko`rgen bala ulg`ayıp kamalg`a jetip ja`miyettin` normal tu`rindegi ag`zası bolıwı mu`mkin, biraq aqıllı bolıw, ta`jiriybe toplaw, oqıw, bilim alıw, ko`pti ko`riw menen, turmıstın` aqrına shekem bilim ko`lemin ken`eyip bayıp bara beredi. Aqılda «sol bolar» degen shama bolmas, turmıstag`ı ha`r bir mashqalalar tuwdırılıp, ko`rmegenlerin ko`rsetip, bala ushın jen`illik bolıp ko`rine beriwi mu`mkin.

Adamlar oqıp ju`rip aqıllı, bilimli, o`nerli, kamalg`a jetken bola beredi. «Ju`re bersen` ko`re beresen`», «Oqıw aqıldın` miywesi», «O`ner altın bilezik», «Boyı jetken jayg`a oyı ha`m jetedi», «Aqıl oydı du`zetedi, gu`res boydı du`zetedi», «Adamnın` ha`mmesi birgelikte, qa`siyet penen shın da bar, ullı aqıl teren` oy», «Salamat bolg`an ta`nde bar». Bunday mazmunlı naqıl-maqallardı ko`pshilik xalıqlardın` awız-eki do`retpesinen, xalıq pedagogikasınan qollanılg`an naqıl-maqallardan ko`p g`ana mısallar keltiriw mu`mkin. Sebebi insannın` kamalg`a jetilisiwinde ilimdi iyelewge bolg`an umtılatug`ınnın` sheksizligi haqqında ja`ha`n xalıqlarının` ha`mmesi bir o`zin oylaytug`ının an`latadı. Onday qılg`andı hesh bir insan balam bolsın demeydi, onın` ta`rbiyası, keleshegi ushın ha`mme ha`r qıylı qayg`ıradı.

Naqıl-maqallardın` tiykarg`ı maqseti, aqıl, ta`rbiya beriwden ibarat bolg`anlıqtan u`lken, kishi bul so`zlerden jaqsı ha`m jaman ta`replerin o`zlestirip bergenin aytıp, o`zlerindegi kemshiliklerdi joq qılıp, jaqsı minez-qulıqların o`zinde ja`mlep ken`eyttirip barıwg`a ha`reket etedi. Keltirilgen naqıl-maqallar ma`nili, estetikalıq ta`repten adamdı o`zine tartadı.

## 2.2. Aqıl ta`rbiyasında jumbaqlardan paydalanıw.

Jumbaqlar a`yyemgi zamanlardan berli jaratılıp, rawajlanıp kiyatırg`an xalıqtın` ko`rkem, ma`na`wiy-ta`rbiyalıq, estetikalıq do`retpesinen biri bolıp esaplanadı. Xalıqtın` neshe a`sirler dawamında ta`biyat sırların u`yreniw jolında ne oylap, qanday jan`alıq ashpasın, ta`biyat du`n`yag`a qanday sawg`alardı bermesin jumbaqalar ha`mmesinde de jan`alıqqa bellesip, tariyx da`wirlerinen iz qaldırıp keledi. Jumbaq tiykarınan du`n`ya do`retpesi bolıp, jaratılıstın` ha`r qıylı jastag`ı adamlar bolg`anlıqtan olardın` aqılın shınıqtırsa, sanasın rawajlandırıwda ta`lim-ta`rbiyalıq xızmeti u`lken.

Qaraqalpaq tilindegi «jumbaq» so`zinen so`zlik ma`nisi eki so`zden quralg`an bolıp «jum-jasırıw», «baq-qara» degen ma`nisti an`latıp, «jumılg`an-jasırılg`an na`rsege qara, sonnı tap» degendi bildiredi. Bundag`ı «baq» qosımtası jasırmaq, tappaq, qurmaq, izlemek so`zleri menen ma`niles kelip, bulardın` ha`mmesi de belgili bir jasırılg`an sırdı ashıwg`a qaratılg`an.

Jumbaqlar jas o`spirimlerdin` pu`tinley aqıl bellesiwinde bag`ıshlang`an janr. Jumbaq bellesiwde aqıl bellestirip tez qatnasıp ko`p jumbaq aytqan ha`m ma`nisin ko`p tapqan balalar marapatlangan bolsa, ma`nisin sheshe almag`an balalarg`a «jumbag`ımnın` jubı qara, tappag`annın` ishi qara» dep mazaqlap, man`layına shertiw, betine shertiw bolg`an. Ko`pg`ana mag`lıwmatlarg`a qarag`anda jumbaq aytıslarına qatnasıp jen`ip shıqqan shaxslardı, ha`r so`zge mın` tilla alıp ju`rgen. Jiyrenshelerdey aqıllı, sheshenlerdi xannın` (Ja`nibek) aqılgo`y, eldin` aqsaqalı ha`kimi etip jiberetug`ını da bolg`an.

Bunday aqıl bellesiwler danalıqtı sınap turatug`ın jumbaqlar, da`stan, ertek, ta`biyat ko`rinislerine ayrıqsha esap, juwap aytıwları da ko`p ushırasadı. Olar aqıl ha`m ideya menen tolıqtırılıp estetikalıq ha`m ruwxıy ta`rbiyag`a ta`sirin o`tkizedi. Ta`biyat ha`m ha`diyse haqqındag`ı mag`lıwmatlardı do`gerek a`tiraptag`ı ha`r tu`rli ha`diyseler ha`m waqıyalar ha`m na`rseler haqqında tez pikirlew, pikir ju`rtiwshiler arqalı bilimge, ta`jiriybege iye boladı. Este saqlaw ha`m pikirdi rawajlandırıw, aqıldı bilim menen shınıqtırıw, bayıtıw jasırılg`an na`rsenin` deregin tabıw jumbaqtın` tiykarg`ı giliti bolıp esaplanadı.

Jumbaq aytıw, bulardın` bir-birine jumbaq aytıp, juwabın talap etiw, olardı shınıqtırıwshı da`wirler ushın da paydalı «mektep», «sabaqalar» esaplang`an. Balalardın` aqılın qorg`awg`a qızıqqan biyminnet insanlardın` ıqlası ha`mme waqıtta jumbaqtı basqarıwshı pidayı adamlarg`a, ata-ana, mama yamasa jen`genin`, shayırlardın` biyg`a`rez pidayılarına minnetdar bolg`an. Olar jumbaqtın` tuwrı sheshiliwine biylik etip, balalardın` aqıllı, teren` pikirli, ha`m a`hmiyetli na`rseler haqqında pikir ju`ritiwshilerge qoymay onın` estelikler ta`repinen itibar bergen. Jumbaqlar, naqıl-maqallar u`lken xalıq pedagogikasının` qollang`an kishkene do`retpelerir bolıp, balalardın` ju`regine minyatyuralıq ko`rinistin` nurların shashıp turg`an.

«Segiz ayaqlı sarıqızday, ba`lentke shıg`ıp mal go`zleydi» degendey shigirtkenin` ayag`ının` segizligin aytıp qoymay, ba`rqulla to`bege qonıwın ha`m eginlerdi jep qoyatug`ın o`zgesheliklerine baylanıslı xalıqtın` jaman ko`rinisine shekem ko`rsetilgen. Bala bunın` juwabın tabıwg`a xalıq naqılında «jamannın` ayag`ı segiz» degen naqıl menen salıstırıw arqalı da erisedi.

Aqılıy ta`rbiyag`a sa`ykes jumbaqlardın` a`hmiyeti tek pikirdi rawajlandırıw menen g`ana sheklenip qalmay, olar insan turmısının` jan-a`tirapları tarmaqlar haqqında bilim ha`m ta`liymatlar menen aqıldı ken`eyttiredi.

Birewge ken` du`n`ya, birewge tar du`n`ya. (aqıl).

Du`n`yada hesh bir na`rse bir-biri menen ten` emes, birew ken` oylaydı, ko`p oqıydı, biraq, ha`mme birdey alg`an bilimlerin sayrawg`a, ja`ne alg`an

bilimlerin ilimiy ta`repten turmısqa qollaw qa`biletine iye bola bermesligi belgili. Ayırımlar miynetkesh, sog`an baylanıslı ta`biyat sawg`a etken talantı oqıw, ta`jiriybesi arqalı tınbay bayıtadı, du`n`ya maldan, baylıqtan a`wmetli, ayırımlar aqıldı rawajlandırıwdın` ornına tamag`ının` toyg`anın oylaydı, ha`mme na`rse jeterli bes ku`nlik du`n`yada oylap nem ketip baratırıptı deydi. Jumbaqta so leki tu`rli obrazdın` xarakterin ashıp beriwde, birewinin` ken` du`n`yada, ekinshisinin` tar du`n`yada, yag`nıy aqıldın` artıqshalıg`ın aytıw menen sheklenip qalmay, olardın` aqıl-parasatlılıg`ı menen go`zzal pikirleri arqalı ja`miyetke keltiretug`ın paydası menen zıyanın is-ha`reketsiz tu`sinikler arqalı jetkizip beredi.

Ko`p g`ana jumbaqlarda balalardın` jaratılıwı ha`m ja`miyet haqqındag`ı eslew, este saqlaw ha`m pikir ju`ritiw qa`biletlerin jumbaq aytıwına qatnasqan waqıttag`ı janlı protsesslerden iyelewi ko`rinedi.

Qaysı xalıqtın` jumbag`ın alıp qarasaq da insan ha`m onın` ag`zaları haqqında jumbaqlardın` bir qansha ko`p jaratılg`annın` gu`wası bolamız. Adamnın` embeklegeninen baslap qartayganınsha pu`tkil bir o`miri jumbaq qılg`anda

Sa`herde to`rt ayaqlap ju`redi,

Tu`ste eki ayaqlap ju`redi,

Keshte u`sh ayaqlap ju`redi.

Degende insannın` bo`be waqtınan embeklep, u`lkeygende tik ju`riwi ha`m qartayg`anda qoltıg`ına tayaq alıp tayanıp ju`retug`ın waqtın sonday etip ta`riyplegen. Onnan keyin adamnın` ag`zaları: bas, shash, qol, ayaq, qarın ha`m basqa onnan ja`ne maydalanıp miy, ko`z, qas, murın, awız, erin, til, iyek, tis, ju`rek ha`m barmaqlarg`a shekem aytıladı. Bundag`ı maqset balalardın` oylaw da`rejesine qarap o`zlerinde bar na`rselerdin` atın, ma`nisin bilip alıwg`a qızıqtırıwdı ko`zde tutadı. Onday etkeni balalıqtın` erte da`wirinde olar konkret na`rselerdi oylaydı, keyin aqılı ken`eyip baslag`annan keyin abstrakt oylawg`a ko`shedi. Sonday etip jumbaqlar balalardın` aqılın bellestiriwge, eslep qalıwg`a, pikirin bildiriwge, oydın` biyg`a`rezliligine, teren`liligine, ken`ligine, sa`ykesligine

ha`m oylawdın` tezligine u`yretedi. Xalıq qanday na`rseni jumbaq etpesin, onın` ob`ekti real na`rse ha`diyselerdin` tiykarg`ı belgileri mayda-shu`ydesine shekem su`wretlew jumbaqtın` na`zerinen shette qalmag`an. Jumbaq da`rka`rlıg`ı, anıqlıg`ı, turmıstın` unqıl-shunqıllarına shekem ko`rsetiwge shekem ta`sir etiwdin` a`jayıp usılına aylandıradı. Jumbaqtın` bull bilim beriw o`zgesheligi kitap ta g`ana paydalanıp kiyatırg`anı joq, onı diyxanlar pedagogikası an`ladı: Aspan a`lemi, jer, suw, haywanat du`n`yası, adamzat ha`m onın` mu`sheleri ko`p. Balalar olardın` mayda-shu`ydesine shekem o`zine qabıl etip ol haqqında oylawg`a, pikir ju`ritiwge, birinen-birinin` ayırmashılıg`ı ha`m ulıwma tutaslıg`ı onın` aqılın shınıqtırıp baradı. Balalardın` ko`p aytatug`ın aytıw yamasa soraw-juwap jumbaqları turmıstın` un`qıl-shun`qıllarına shekem aralasıp olardın` na`zerinen hesh na`rse qaldırılg`an emes. Bul jumbaqlar balalardan: Ol ne? Bul ne? Qay jerde? Qaysı? Kimnin` u`yi? Degen sorawlarg`a juwap beriwde an`law g`ana emes, onın` tez pikirlew xızmetin tan`lap esitip basqa janrlardan (ertek, qosıq, naqıl-maqallardan) esitken, oqıg`an na`rseleri arqalı eslep, isenimli juwap tabıwg`a ha`reket etedi.

Bizden bir sho`mish qaldı
Nege?
Qırıq qulag`ı qırıq jerinen tesik.
Neshe ul neshe qız bar?
Eki ul bir qız bar, er-hayal ekewi.
Awıllas, qaladama? Jaqınba, alıspa.

Dep o`zleri turg`an awıldag`ı eki basqa jerde jasaytug`ın tanıslarının` tolıq bir sem`yasın jumbaq etetug`ın bolg`an. Basqa xalıqlarda ushıramaytug`ın bul jumbaqtın` qızıq jeri, balalardın` ata-ana sem`yanın` ha`mme ag`zaları menen tanıstırıp esap qılıwdan ta`rbiyalıq o`zgeshelielerin ko`rsetedi. Bizden bir shımshıq qashtı, nege, qulag`ı qırıq jerinen tesik ibaralarının` son`g`ı so`zlerindey ma`nisi bolıp, boljaw xarakterine iye bolmasa da, balalardın` ha`kke qayda, uyasında oyınına uqsap, shıraylı tu`rde jumbaq aytıwdın` ju`z ko`riw sıyaqlı

qollanılg`an bolıwı mu`mkin. Ayırım jumbaqlarg`a xarakterli belgilerden xabar formasında aytılsa da ha`mme waqıtta sorawlı tu`sinikti an`latadı, onday etkeni jumbaq aytıwshı o`z atqarıwshısınan juwap talap etedi. Mısalı: «barg`an edim joq eken, kelemen dedi, kelmedi, kelmegeni kelgeni» (merekege shaqırılg`an qızdın` qıdırıp ketken anasının` kelip qalıp, qızdın` u`yinen shıg`almay qalg`anın sır saqlap jasırın ma`nisinde aytqanı).

Jumbaqlardın` bala aqılının` rawajlanıwına ta`sir etetug`ın ja`ne bir ta`repi jasırılg`an na`rsenin` juwabın tabıwda turmısta ushıraytug`ın ha`r qıylı na`rse ha`diyselerdin` uqsas belgilerin orınlaytug`ın xızmetin bir-birine salıstırıp tan`lawda alıp barg`an qızg`ın ha`reketi olardın` aqılın jetkizip g`ana qoymastan teatral, minyatyuralıq ko`rinisin payda etiwde olardın` do`retiwshilik ha`m marifiy o`nerinin` rawajlanıwında paydalı ta`sirin tiygizip keledi.

Miynet ha`m miynet qurallarının` na`tiyjelerine uqsap aytqan na`rselerine baylanıslı jumbaqlar bir qansha ko`p jaralg`an «jer astında ay baratır». «Aq ku`shigim ju`gire-ju`gire eki qabat boladı» (urshıq), «Aq tayım sho`gip atır, qumalag`ın to`gip atır» (shıg`ırshıq). «Anası teksheden tu`sti, balaları ju`girip keldi» (qazan-tabaq). «Kishkene g`ana shayım bar dep maqtanadı» (chaynek), sıyaqlı jumbaqlardın` juwabın ha`zirge shekem adamlar onsha ekilenbey tabatug`ın bolsa, bu`gingi ku`nnin` balalarg`a da`rhal kitap aqtarıwg`a, muzeylerge barıwın ma`jbu`rleydi. Olardın` ha`r tu`rli na`rselerdin` belgilerin salıstırıp, tan`lap, gu`zetiw, ziyni o`tkir bolsa juwabın onsha qıynalmay tez tabadı, bara-bara turmıstın` bull qızıg`ıwshılıg`ı do`retiwshilik sheberliginin` jetilisiwine ku`shli ta`sir etedi.

Jumbaqlar balalardın` aqılın o`zgesheligin basqa fazıyletlerin qa`liplestiriwde ja`rdem beretug`ın sanlardı esaplaw jolı menen de bayıtadı. Esaplaw jumbaqlarında basqa tu`rdegi uqsatıw, metafora, almgoriya xa`m basqa qurallar qatnastırılmay an`law, sanaw, qıyaldan oylaw, eslew ha`m tez pikirlew xızmetin de talap etedi.

Bir g`az ushıp  kiyatırıp, qurg`aqda qonıp otırg`an bir topar g`azg`a qarap «Assalamu-a`leykum ju`z g`az» depti, sonda jerdegi g`azlar «Joq bizler ju`z emespiz, ju`z bolıw ushın bizlerge ja`ne sonday, ja`ne onın` yarımınday, ja`ne onın` sheregindey ha`m senin` o`zin` qosılsan` sonda ju`z bolamız, deydi». Otırg`an g`azlar neshew?

Onın` sheshimi matematikada to`mendegishe:

$2x+ \frac{1}{2} x+ \frac{1}{4}x+1=100$

$8x+2x+4=400$

$11x=400-4$

$11x=396$

$x=36$

Juwabı: 36 g`az.

Esaplawdın` ja`ne bir tu`ri: Du`n`yada en` awır na`rse ne, en` jen`il na`rse ne?

-Awır jer, jen`il hawa.

**Jerde jeti jumbag`ımdı jog`alttım?**

Aspanda terek joq,

Jerde su`yegish joq,

Jılqıda at joq,

Koyanda su`t joq,

Qara suwda joq,

Tasbaqada jigar joq,

Da`r`yada qappaq joq.

Ayırım jag`daylarda jumbaqlardın` sheshimin sheshiw maqsetinde ku`nnin` batıwı menen shıg`ıwı degendey natuwrı pikirlewden, natuwrı juwmaq shıg`arıwdan, «90 o`gizdi 9 qorag`a taq qılıp qamap ber» degen jumbaqta logikalıq ta`repten tuwrı ko`rilmegen. Onday qılg`an ha`r qanday jup sandı taq sang`a bo`lgende taqtan tiymedi, sebebi berilgen jumbaqtın` ta`rtibi boyınsha malxana taq, bolıwına tiyisli bolg`an o`gizlerdin` ta`rtibi de taq. Onı tek sonsha maldın` bir sho`bin bo`lmeydime qosıp qamaymız-dep sheshedi. Bul bu`gingi ku`ngi testlerdegi 5-juwaptın` to`rtewi natuwrı bolg`anınday, balalardın` aqılın sınaw ushın berilgen natuwrı juwap bolıp esaplanadı.

«Suwg`a tu`sse mın`, suwdan shıqsan` da mın`» yamasa «tu`bi bir shaqası mın`» (at quyrıg`ı). Bul juwapta naqıl-maqal, jaqsı tileklerdi esge alıp sog`an salıstırıw arqalı tabıw mu`mkin.

Balalardın` oylawın rawajlandırıwda jumbaq aytıwının` da a`hmiyeti u`lken. Biraq jumbaqlardın` birazı jaratılıw, ta`biyat, sotsiallıq ja`miyetlik, ma`selelerdi filosofiyalıq oylardı shınıqtırıwg`a qurılg`an quramalı boladı. Balalardın` aytısatug`ın jumbaqları olardın` aqıl, oy, bilim da`rejesine qarap, jasırıng`an na`rse u`ydeme? uzaqtama? jaqındama? aspandama? jerdeme? suwdama? janlıma? jansızba? Degen sorawlar berip sol ja`rdeminde jumbaqtın` sheshimin tuwrı sheshiwge ha`reket etken.

Nasr formasında jaratılg`an jumbaqlarg`a saqalımnın` tarı neshe? Jerdin` atası qay jerde? Qalın` mal aytısı? O`lik ko`ppe? Tiri ko`ppe ha`m basqa tu`rdegi jumbaqlardı ko`plep keltiriw mu`mkin.

Jumbaqlar awız-eki a`debiyattın` basqa janrları menen mazmunı, du`zilisi, ideyası, sheberligi ta`repinen o`z-ara tıg`ız baylanısta du`zilgen bolıp, jumbaqtın` juwabın tabıwg`a qıynalg`an bala, da`rriw basqa janrdag`ı syujetke oy juwırtıp, salıstırıw arqalı jasırılg`an na`rsenin` ma`nisin tabıwg`a imkan tabadı sol arqalı balanın` tutas a`debiyattan ha`m basqa da.

Pa`nlerden jumbaqlardın` juwabın izlep, ko`p biliwge du`n`ya qarasının` ken`eyiwine bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı artadı.

A`sirese jumbaq penen naqıl-maqallar forması jag`ınan ıxsham bolıwı, ritm xarakteri,qosıqlıq forması, qupiya du`zilisleri ta`repinen bir-birine jaqın keledi. Bazı da balalar bunın` qaysı bir jumbaq, qaysı bir naqıl ekenin ajıratalmay qıynalatug`ın ahwallar da boladı. Olarg`a da`slep jumbaqtı baslawshılar ta`repinen azg`ana tu`sinik berilgennen keyin, qalg`anın balalardın` o`zleri an`sat g`ana ajırata beredi. Ayırım balalar bunday jumbaqtın` sheshimin taba almay qıynalıp qalg`an waqıtlarında, olardın` ma`nisin basqa janrlardan izlewge ha`reket etedi. Bul na`rse balalardın` fantaziyasının` ag`ımın tezlestiriwge ilha`m bag`ıshlaydı. Haqıyqattan da jumbaqlarda naqıl-maqallarday uqsatıw, salıstırıw, metaforalıq obrazlar arqalı aytılıw belgileri ushıraydı. Biraq olardın` bir-birinen parqı mazmunı ta`repinen bir qansha o`zgenrislerge iye. Naqıl-maqallarda berilgen teksttin` o`zinde de juwaptın` tu`sinigi berilmeytug`ın bolsa, jumbaqtın` tekstinde bunday tu`sinik bolmaydı. Jumbaq soraw-juwaplardan ibarat bolıp, ekinshi bir adamnın` sheshiwi talap etiledi. Jumbaqlar tiykarınan na`rselerge ko`rilgen bolsa, naqıl-maqallardın` mazmunı bir ha`diysege ko`rilgen boladı. Naqıl-maqallar o`z-ara janlı so`ylesiw, gu`rrin`lesiw, sa`wbet qurıw waqıtlarında so`zdin` kelisiwine qarap aytılatug`ın pikirdi quwatlaw, tastıyıqlaw yamasa biykarlaw sıyaqlı go`zlengen maqsette qollanıladı. Onda xalıqtın` ulıwmalasqan ha`m tamamlang`an a`jayıp pikirleri ıxsham tu`rde beriledi. «Kitap bilim bulag`ı», «İlim o`mir shırag`ı» ha`m basqalar.

Ayırım jag`daylarda naqıl-maqallar jumbaqtın` ornına jumbaq bolsa naqıl-maqallardın` ornına kelip qalatug`ın ko`p aytılg`an baqlawlardan belgili bolg`an.

Mısalı:

Suwg`a salsan` batpaydı,

Otqa salsan` janbaydı.

(muz)

Kishkene metin tas,

Tartıp ursan` sınbas.

(tıyın)

Uzın terek, sayası joq.

(ko`she)

G`arg`a ko`rse g`aq degen,

Aldap awzınan jegen.

(tu`lki)

Sarı qulaq qoyanday,

Qumg`a shıqqan boyanday.

(kiyik)

Bunı ju`z ashar dese de bola beredi.

Arqang`a mindim xan boldım,

Esikke keldim qul boldım,

Otta jandım ku`l boldım.

(otın)

Bul jumbaq, naqıl-maqalda to`mendegishe boladı.

Qansha eldin` begimen,

Qansha eldin` qulıman.

Soraw-juwap ma`nisinde du`zilgen jumbaq ha`m awız-eki a`debiyattın` basqa janrlarındag`ı sotsiallıq ma`selelerdi so`z etpey tiykarında turmısta jasaw ushın za`ru`rli bolg`an, uslap tutqan na`rselerdi balalardın` ha`r ta`repleme ta`krarlap bilip alıwına ha`m olardın` qa`dirine jetiwge tiykarlang`an.

**Sorawlı jumbaqlar:**

Du`n`yada en` awır na`rse ne? (at)

Du`n`yada tamırsız na`rse ne? (tas)

Qanatsız ushqan ne? (samal)

Ku`n shıqsa birge shıg`adı,

Bulıt bolsa u`yde qaladı. (saya)

Go`zzal qız esik ashadı,

Shash baylaw sırtta qaldı. (ko`z-kirpik)

Qoyan neshe sekirdi? (ju`re almag`anlıg`ınan)

Mal nege jatadı? (otıra almag`anlıg`ınan)

İyt nege u`redi? (so`yley almag`anlıg`ınan)

Patsha kimge bas iyedi? (shashta`rezge)

Du`n`yada bir na`rse bar,

Ha`r kim og`an mu`ta`j,

Ha`r kim soraydı biraq,

Ayırımlar onı tutadı? (ken`es)

Du`n`yada pulg`a tabılmaytug`ın qanday na`rse? (jog`altılg`an baxıt)

Awqatsız ju`retug`ın na`rse ne? (saat)

Tastan qattı na`rse ne? (uyqı)

Du`n`yadag`ı en` ashshı na`rse ne? (qayg`ı)

Jazda gu`l o`sedi,

Gu`zde ol pisedi,

Qısta solıp qaladı,

Sebebin kim biledi?

Jer sharının` qızıq-qızıq jeri bar,

Ba`rqulla jaz, ba`rqulla qıs qarı bar,

Bizin` jerde jaz da qısta boladı,

Ne sebepten,bunnan qanday ma`ni bar?

**Juwmaqlaw.**

Babalarımız aqıl ta`rbiyası boyınsha balalarg`a kiyatırg`an danalıq xızmetleri bu`gingi baslawısh klass oqıwshılarına inam etiwden kerekli ma`seleni biz ta`repten ha`r ta`repleme u`yreniwge tuwrı keledi.Haqıyqattan da jas a`wladlarg`a, a`sirese baslawısh klass oqıwshılarına aqıl ta`rbiyasının` a`hmiyeti u`lken. Biraq, aqıl ta`rbiyanı sem`yada, mektepte, mektepten tısqarı orınlarda ata-ana, mug`allim, ta`rbiyashılar, ja`miyetshilik qanday usıllarda alıp baradı, bull da anıqlawdı talap etedi. Ata-ana, qon`sı-qoba, mekteplerde aqıl ta`rbiyasın beriwshi, talap da`rejesinde emesligi ma`lim bolg`an.

Onı ku`ndelik turmısta bala ta`rbiyasına qollaw ushın belgili baslı metodikalıq qollanbanın`, folklorlıq toplamnın` jıyını bolmag`anlıg`ı, onın` u`stine kemshilik jas ata-analardın` aqıl ta`rbiyasındag`ı xalıq danalıg`ın bilmeytug`ın ko`p qıyınshılıqlar tuwdırıp kiyatırg`anı anıqlanıp atırıptı. «Er bolsan` elin`di saqla, eldin` bergen duzın aqla», «ha`r kimnin` tuwılg`an jeri Mısır qalası», «o`z u`yim o`len` to`segim, «ken` sarayım aq bo`zu`yim», sıyaqlı aqıl beriwshi naqıl-maqallar balalarg`a jaslıg`ınan milliy da`stu`rimizge bolg`an g`urırı aytıp barıladı. Bunday na`siyatlar bazı da ko`pshilik ata-analarımızdan, ha`tte oqıtıwshılarımızdan da tabılmay qaladı.

Oqıtıwshılarımız xalıq danalıg`ında aytılg`an ha`m aqıl-na`siyat so`zler menen sharıq oyshıllarının` Farabiy, Xoja Ahmad Yassawiy Baqurg`oniy, Beruniy, Abu Ali ibn Sino, Baxovuddin Naqshbandiy, At Termiziy, Ku`nxoja, A`jiniyaz, Berdaqtın` emosional ta`sir etetug`ın, balalardın` aqıl, a`dep ikram, ruwxıy o`zgesheliklerin rawajlanıwın ta`miyenleytug`ın da`rejede alıp barıwdı da`wir talap qılıp atır.

Buli is ornımızda, ko`p g`ana sem`yalarda bolıp ata-analar, qon`sı-qobalar, ko`she adamları, mektep mug`allimleri menen so`ylestik, olardın` ko`p g`ana sabaqlarına kirdik, ta`rbiyalıq islerine qatnastıq aqıl ta`rbiyası haqqında aytılg`an pikirlerin, pikirlerdin` aytıw usılları, oqıwshılarg`a jetip barıw ta`siri boyınsha bir-biri menen salıstırıp u`yrendik. Mektep oqıtıwshıları menen bull tuwrıdan-tuwrı

sa`wbetler o`tkizgenimizde olardın` aqıl ta`rbiyasın o`tip toparlarg`a bo`lingeni ma`lim boldı:

1) Qaraqalpaq (o`zbek) ulıwma tu`rik tilles xalıqlarına sa`ykes aytılıp kiyatırg`an aqıl so`zleri teren` o`zlestirilgen materiallardı oqıwshılarg`a tolıq jetkizip bere alatug`ın oqıtıwshılar ha`m ata-analar.

2) Qaraqalpaq xalıq aqıl ta`rbiyasına baylanıslı jaratılıp, aytılıp kiyatırg`an shala o`zlestirilgen materiallarda oqıwshılarg`a jetkize almaytug`ın oqıtıwshılar ha`m ata-analar.

3) Xalıq do`retpesin teren` bilmeytug`ın, xalıq awız-eki a`debiyatının` 20 tomlıg`ın oqımag`an, sabaq barısında materiallardın` bandini basıw ushın ma`nisine ılayıq ma`seleler toqıp qollana almaytug`ın oqıtıwshılardı ha`m ata-analardı ko`rdik.

Jıl dawamında bul alıp barg`an islerimiz ha`m o`zimizdin` turmısımızda jıynag`an ta`jiriybelerimizge su`yenip, oqıtıwshılarg`a a`sirese jas oqıtıwshılarg`a, jas ata-analarg`a to`mendegishe ko`rsetpeler usındıq. Qaraqalpaq xalqının` aqıl ta`rbiyasın oqıwshılardın` zeynine jetkiziwde da`slep ha`r bir baladan ha`r qıylı o`zgesheliklerdi, teren` u`yrengen bolıwı kerek.

A) Bala haqqında oqıtıwshı biliwi kerek: sem`yada, sotsiallıq-ekonomikalıq jag`dayları, o`z-ara mu`na`sebetleri, salamatlılıg`ı ha`m basqa hu`jjetler.

B) qabıl qılıwı, yadında saqlawı, aytılg`an so`zge itibar beriwi, tu`siniwshen`ligi.

V) tezligi, o`zin-o`zi qollawı, o`zin-o`zi ta`rbiyalawı, o`zin-o`zi oqıtıwı.

G) aqılıy o`zgeshelikleri, baqlap biliwleri, qıyalı, pikirlew ko`leminin` ken`ligi.

## A`debiyatlar.


1. İ. Karimov «Biz kelajagimizni uz kulimiz bilan kuramiz» Toshkent, Uzbekiston 1999-yil.
2. İ. Karimov «Vatan sajdagox kabi mukaddasdir» Toshkent. Uzbekiston 1996-yil.
3. İ. Karimov «Uzbekiston buyuk kelajak sari» Toshkent, Uzbekiston 1998-yil.
4. İ. Karimov «Barkamol avlod Uzbekiston tarakkietining poydevori» Toshkent 1998-yil.
5. A. İbragimov, X. Sultanov, N. Juraev, «Vatan tuyg`usi» Toshkent. Uzbekiston 1996-yil.
6. «Maktabgasha ta`lim» 2002-yil 12-son.
7. «Boshlang`ich ta`lim» 6-son noyabr`-dekabr` 1999-yil.
8. J. Bazarbaev, K. Da`wletova «A`depnama», «Bilim» baspası, No`kis 1994-yil.
9. R. Mavlanova, O. Turaeva, K. Xalkberdiev «Pedagogika» Toshkent. Wqituvchi 2001-yil.
10. N. Gaybullaev, R. Edgarov, R. Mamatkulova, K. Toshmurotova «Pedagogika» Toshkent 2000-yil.